# БисмиллахIиррохьманиррохьим

## Дешхьалхе

Хастам бу Iаламийн да волчу АллахIна. АллахIера салам-маршалла хуьлда, Iаламех къинхетам беш АллахIа ваийтина волчу вайн Элчанна Мухьаммадна, цуьнан доьзалшна, асхьабашна, царна тIаьхьа мел баьзначарна а.

Тасаввуфан (тIари́къатан) некъа тIехь болчарна, церан могIарехь болчу бусалба динан Iеламнахана а юккъехь болу къовсам чIагIбелча, бусалба стага шен балха тIехь харжам бо. Царах цхьаболчара тасаввуфах бусалба динан мехала дакъа до, ткъа цхьаболчара тасаввуф – динехь доцу керла юкъадаьккхина хIума, динах дIавалар а ду, олу. Царах бакъверг мила ву, царах хьанна тIаьхьаваза веза?

Бакъду, хIокху балхана тIаьхьавозуш, и кхоччуш Iамош, цунах шена дахаран некъ бинчу бусалба стагана хаьа, тасаввуф – бусалба динехь кхетош-кхиоран мехалчу дакъойх цхьа дакъа дуьйцуш Iилма хилар. Иза – динехь болу деган кхетам бу, – шариIатан Iеламнаха ма-аллара; я синош кхиор ду, – динехь кхетош-кхиоран Iеламнаха ма-аллара; я дог цIандар ду, – сийлахьчу Къуръано ма-аллара; я ихьсан (АллахI хьайна гуш волуш санна, Цунна Iибадат дар) ду, – сийдолчу Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) ма-аллара.

Тасаввуфан Iеламнаха шайн Iилманан цIе Сийлахьчу Къуръано ма-аллара – ат-тазкийат (дог цIандар), я, сийдолчу суннато ма-аллара – ихьсан аьлла тиллина хиллехьара, шегахь цхьа а пайда боцу къийсамаш, девнаш а хир ма дацара тасаввуфан хьокъехь.

Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) асхьабийн заманахь хIокху кепара цIерш тахкарна хьашто ца хилла, хIунда аьлча асхьабаша (Дела реза хуьлда царна) шайн дин кхоччуш Пайхамарера (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) схьаоьцуш хилла, – Сийлахьчу Къуръано, сийдолчу суннато а ма-бохху. Ткъа табиIи́ни́н, царна тIаьхьабогIучеран а заманахь Iеламнах бусалба динан цхьадолчу дакъошна тIехь къахьега а, фикъхI, тафсир, хьадис, лугIат, уьш доцурш а Iамо буьйлабелча, цхьаболу нах дог цIандеш, са кхиош, бусалба динан гIиллакхаш, некъаш а дуьйцуш долу Iилма Iамо буьйлабелла. ХIора декъан шен къаьсттина цIе хилча, хIокху Iилманан хьалхе йолчу Iеламнаха цунна, тасаввуф аьлла, къаьсттина цIе тиллина.

Тасаввуфан охIланан, церан Iеламнехан а могIаршкахь, цхьаболу, шайна пайда лоьхуш, нах Iехош, я шайн дегIан лаамашна тIаьхьабевлла лелаш

берш хилар бахьанехь, цаьргара дуккха вуонаш гучудийлар бахьанехь а, цхьаболчу бусалба наха, Іеламнаха а берриге тасаввуфан охІла царах тарбо. Иза доккха гІалат ду; муьлхха тоба елахь а, царна юккъера цхьаболчу наха, оцу тобанан нийса йолу Іалашо ца евзаш лелош дерг бахьанехь, оцу тобанан шен баккъалла долу хьукма а дитина, кхечу кепара хьукма дар нийса дац. Баккъалла а, хьукма дар оцу тобанан Іалашоне, дог-ойлане, цо юьхьарлаьцначу некъе, цуьнгахь долчу гІиллакхе а хьаьжжина хила деза.

Тасаввуфан, цо шега кхойкхучу нийсачу новкъа, цуьнан жовхІарийн кІоргене а кхаьчначунна билгалдолу, бусалба стагана, шен дин кхочушдархьама, тасаввуфах тасавалар, шен некъ оцунна тІебогІар а – ца хилча йиш йоцуш болх хилар. Оцу тІедоьгІча, тасаввуфо бусалба динан агІонех мехала агІо дІалоцу, ша адамийн дегнех, синойх йоьзна йолу. Цо чулоцу динехь болу деган кхетам, дегІ, са, дог а цІандар, гІиллакхийн, оьздангаллин агІо а. Иза бусалба динан мехала, кІорге йолуш а агІо ю, цкъа а цунах къасто йиш йоцуш, цуьнца бен стеган ийман, ислам а кхочуш ца хуьлуш, цуьнца бен бусалба динан рукнех цхьа рукна йолчу ихьсане ца кхочуш.

Цундела, шена чохь тасаввуфах хоттаделла цхьадолу коьрта дакъош билгалдеш, тасаввуф Іилманна чуволар дуьйцу жайна яздан лиира суна, Іилма лоьхуш волчунна кхетам балархьама.

Амма тасаввуфан бакъдолу Іилма, цуьнца Іамал яр, цуьнан новкъа вахар, цуьнан некъаш бовзар, цуьнан Іалашоне, иза кхочушхиларе кхачар а дуьйцуш аса кхин жайна яздина, оцу хьокъехь нахе совнаха къамелаш ца дайта, Къуръано ма-яккхара цуьнан цІе тиллина ас, иза: **«Ма декъалхилла ша** (къинойх) **цІанвелларг»** я **«Дог цІандарехь Исламан низам»**, - бохург ю.

**Ас догдоху АллахІа и къобалдаре, АллахІа ваийтина Пайхамар** (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) **реза хиларе, тасаввуфан новкъахь болчарна хазахетаре а.**

**ТІаьххьарлера вайн кхайкхам – Іаламаш кхобуш, кхиош а волчу АллахІна хастамбар ду.**

**ХІоттийнарг – доктор Мухьаммад Хойр ФатІимахІ**

**Тасаввуфан Іилма бохург хІун ду?**

1. Ибн Іажи́бата (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла: **«Иза – паччахьийн Паччахь волчунна** (АллахІна) **гергавуьгу некъ бовзуьйтуш, вуочух дог цІандеш, сийдолчу гІиллакхашца и хаздеш долу Іилма ду. Цуьнан хьалхе – довзар ду, цуьнан юкъ – Іамал яр ду, цуьнан чаккхе – АллахІа цунна дика дар ду».**
2. Исламан шайх, къеда а волчу Закарийя́ аль-Анса́рис (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла: **«Тасаввуф бохург – синош цІандаран, гІиллакхаш хаздаран, гуччохь дерг, къайлаха дерг а тодаран хьелаш довзуьйтуш долу Іилма ду, адам даима долчу декъалхиларе кхачийта Іалашо йолуш».**
3. Шайх волчу Ахьмад Зарру́къа аль-Фа́сийс (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла: **«Тасаввуф – дегнаш тодан, уьш деккъа АллахІна тІедерзо а лааран Іилма ду».**
4. Воккха Іеламстаг волчу Хьа́жи́ Хали́фата (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла: **«Иза – Іилма ду, адамашна юккъера ийман кхоччуш хилларш декъалхиларан даржашка кхачийнарг довзуьйтуш долу».** Цул тІаьхьа цо элира:

   **Тасаввуфан Іилма девзар доцуш Іилма ду,**
   **Хьекъал долуш, бакъо евзаш волчу стагана а бен.**
   **И Іилма ца девза цуьнга хьаьжна воцчунна,**
   **Маьлхан зІаьнарш муха гур ю ша бІаьрзе волчунна.**
5. Ибн Закваа́на (Дала къинхетам бойла цунах), тасаввуфан Іилма довзуьйтуш, байташца аьлла:

   **Шеца дегнаш цІандеш долу Іилма ду иза,**
   **Массо меттехь сингаттамаша хьийзош долу.**

ХІокху байташна шархь деш, воккхачу Іеламстага аль-Манджу́рис (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла: **«Тасаввуф – дегнаш цІандеш, царна чуьра сакхташ, хІуьттаре, хьагІ, цабезам, харцлер, ша хесто лаар, куралла, моттаргІанаш лелор, оьгІазло, дуьнене сатийсар, бІаьрмецигалла, хьоладайшна хьеставалар, къечу нахах цавашар, и санна долу сийсаза куьцаш а дІадохуш Іилма ду, хІунда аьлча тасаввуфан Іилма сакхтанна, цуьнан дарбанна а, цуьнан куьцанна а тІекхуьуш Іилма долу дела. Тасаввуфан Іилмано дегІанна хуьлуш йолу халонаш дІаяхаре, сийсазчу гІиллакхех, боьхачу куьцех а и цІандаре кхачаво – АллахІ дагахь латтор доцчух и дог цІандаллалц, АллахІ хьехорца иза хаздаллалц а».**

6. Абу Зарран кIанта Абу аль-Хьасана (Дала къинхетам бойла цунах) шен «МинхIа́жуд-дийн» цIе йолчу жайнахь имам Шиблис (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла байташ хьахийна:

**Тасаввуфан Iилма чаккхе йоцуш Iилма ду,**
**Далла гергара, лаккхара, деза Iилма ду иза,**
**И девзаш болчарна цуьнгахь дуккха пайданаш бу,**
**Шайгахь доккха Iилма, къаьсттина белхаш берш а бу уьш.**

7. Ибн Халду́на (Дала къинхетам бойла цунах) шен «Мукъаддимат» цIе йолчу жайнахь аьлла: **«ХIара тасаввуфан Iилма, шариIатан Iилманех ду, цуьнан бух – хIокху нехан некъ вайн умматах хьалха дIабаханчу баккхийчу асхьабийн, табиIинийн, царел тIаьхьабогIучеран нийсачу некъах дIацахадар ду. Цуьнан коьрта болх – Iибадат дарна тIехь латтар, шен дог-ойла Веза-Сийлахьчу АллахIна тIеерзаяр, дуьненан марзонех, хазаллех а дIаверзар, наха дукха лоьхуш долу даьхни, дарж а дитар, нахах дIа а къаьстина Iибадат дан чуволар а ду. И вай дийцинарг дерриге асхьабашкахь, хьалхалерачу Iеламнахехь а хилла. ШолгIачу бIешарахь, цул тIаьхьа а дуьненан дахаран хьал тоделла, нах цунна тIебирзинчу хенахь, АллахIна Iибадат дарна тIебирзинчу нахана суфий аьлла цIе тиллина».**

8. Воккха Iеламстаг, шайх а волчу Мухьаммад-Ами́н аль-Курдис (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла: **«Хьо хууш хилалахь, тасаввуф** (цунах, къайлаха долу Iилма, олу) **– бараме диллича уггаре сийлахьчу Iилманех ду, шен меттиг еза хиларехь, цунах дозалла дарехь а уггаре дезаниг ду, малх, бутт санна лекха а ду. Баккъалла а, АллахIа Шен элчанаш, пайхамарш а** (Делера салам-маршалла хуьлда царна) **дIабевллачул тIаьхьа, тасаввуфан охIла кхиболчу лешна тIехь базбина, церан дегнех къайленаш схьайовлу меттиг а йина, уьш умматна юккъехь нуьре барца къаста а бина. Уьш, халкъана орцах боьлуш, бакъонца церан хьелашна тIехIуьттуш а бу».** Цул тIаьхьа цо боху: **«Тасаввуфан дозалла – иза Iилманех уггаре сийлахь дерг ду, Веза-Сийлахь волу АллахI вовзарх, Иза везарх а ша хоттаделла хиларна. Иза – сацам хилла уггаре деза Iилма ду, ша кхечу Iилманца дуьстича цуьнца догIуш а, цуьнан бехкам хуьлуш а долу. ХIунда аьлча Iилма хилар я Iамал яр кхоччуш ма ца хуьлу, цуьнца АллахIна тIеверза лаар дацахь, ткъа АллахIна тIеверзарехь тасаввуф оьшуш ду, дегIана са эшарх терра».**

ХIокху дешнашка ладоьгIча вайна хаьа, тасаввуф цхьаннех доьзна доцуш, уггаре сийдолчу Iилманех цхьа Iилма хилар. Иза, деган кхетамах доьзна, дог тодарца цIандеш а, са цIандарца и кхиош а, адам ихьсанан дарже кхачош а Iилма ду. Кхузахь ца далийча йиш яц устаз волчу Iабдуль-Ба́ри́н ан-Надавин дош, тасаввуфах, дахарх а лаьцна долчу шен жайнахь цо аьлла долу: **«Тасаввуф, цхьаннех доьзна доцуш мехала Iилма хилар нагахь цхьамма бакъ ца дахь, и санна динца доьзна долу кхидолу Iилманан дакъош: тафсир, тажвид, тавхьид, уьш санна дерш а бакъ хIунда до цо?»**

Баккъалла а, тасаввуф, тIарикъат, хьакъикъат, маIрифат а адмашца догIуш доцу Iилма ду аьлла хетарш – уьш бу-кх уггаре чIогIа тиларчу бахнарш, галбевлларш а.

**Тасаввуфан маьIна довзийтар**

Шайх волчу Iеламстага Ас-СахIрувардийс (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла: **«Тасаввуф довзийтаран хьокъехь шайхаша аьлла дешнаш эзарнал сов ду».**

Шайх волчу Ахьмада Зарру́къа (Дала къинхетам бойла цунах) тасаввуфан баххаш буьйцучу шен жайнахь аьлла: **«Баккъалла а, тасаввуфан доза билгалдеш, цуьнан куц хIоттош, цуьнан маьIна довзуьйтуш а ши эзар гергга дош деана, церан массеран коьрта бух даггара АллахIна тIеверзар долуш. Баккъалла а, уьш дерриге тасаввуфан тайп-тайпана некъаш ду».**

Иштта хьал хилча, тасаввуфан дуккха маьIнаш ду, царах тIаьхьадогIурш хьахор ду вай:

1. Имам ГIаза́лис (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла: **«Тасаввуф – иза шен дагца Веза-Сийлахьчу АллахIна тIеверзар, Иза воцург тидаме ца эцар а ду. Цунах лууш дерг – АллахIна дог цIандар, Иза воцчо зен я пайда а бийр бац аьлла тешна хилар ду, АллахI воцчунна тIетовжар а доцуш. Кхидолу хIума тидаме ца эцарх лууш дерг – и сийсаза я кIезиг хетар дац, амма цо зен я пайда бийр бац аьлла тешна хилар ду».**
2. Имам Шиблис (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла: **«Тасаввуф – ахь хьайн хаадаларан меженийн** (сагар, хазар, хьожа яккхар, чамбаккхар, хьакхаваларца хIума хаадалар) **доладар, хьайн садаIар Iалашдар а ду».**
3. Абу аль-Хьасана Ша́залийс (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла: **«Тасаввуф – АллахIна Iибадат дарна тIехь дегI Iамадар, АллахIан хьукманашна муьтIахь хиларе иза дерзадар а ду».**

4. Шайх волчу Мухьйидди́н бин Іарабийс (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла: **«Тасаввуф – иза гуччохь, къайлаха а шариІатан гІиллакхаш лардеш хилар ду».** Цо иштта аьлла: **«Тасаввуф – иза гІиллакх ду, ткъа гІиллакх лелорехь хьол соввальларг – иза тасаввуфехь хьол совваьлла».**
5. Имам Аль-Хобийр Аль-БагІда́дис (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла: **«Тасаввуф – дуьне дезарх дог цІандар, Іадатехь адамна дезачух дІакъастар, адамаллин куьцаш хастаме дар, дегІан лаамашна генавалар, шен синлаамашна дуьхьал къийсам латтор, тІетовжа бух болчу Іилманашца уьйр йолуш хилар, даима дуьсур долчунна гІоли дерг лелош хилар, дерриге умматна хьехам беш хилар, АллахІна муьтІахь хир ду аьлла йина чІагІо кхочушъяр, Элчано** (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) **деанчу шариІатна тІаьхьавазар а ду».**

## *Тасаввуф* дош схьадалар

Делан Элчанна тІе (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) бусалба дин кхайкхаде аьлла вахьйу доьссина, тІаккха Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) нах бусалба дине кхайкха волавелла. Сийлахь долу Къуръан Делан Элчанна (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) тІе кІез-кІезиг дуссуш, ткъе кхаа шарахь тІеттІа доьссина. Делера аяташ мосазза дуьссу, сийдолу асхьабаш (Дела реза хуьлда царна) Делан Элчанера (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) уьш схьаоьцуш, Іамош, лардеш, царна чохь долчуьнца Іамал еш, цул тІаьхьа уьш нахе дІакхайкхош а бара.

Цул тІаьхьа Пайхамарера (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) бусалба динан Іилманаш вайна схьакхачийна хІара шариІат шаьш цуьнгара схьаэцна болчу сийдолчу асхьабийн (Дела реза хуьлда царна) некъашкахула. Ишта, асхьабашкара иза схьаэцна царна тІаьхьабогІучара, царах табиІийнаш аьлла, уьш Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) асхьабашна тІаьхьабаьзнарш бу. Баккъалла а, Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) нийса долчу Іилманан верасалла асхьабашкара табиІийнашка кхаьчна. Цул тІаьхьа иза табиІийнашкара царна тІаьхьабаьзначара схьаэцна, ткъа цара цунах шариІатан жайнаш яздина, тІаккха оцу жайнех, шен-шен цІе а йолуш, Іилманаш билгалдевлла. Царах цхьаболчара – къаьсттина сийдолу Къуръан, цуьнца доьзна долу Іилманаш (тафсир, и саннарш), кхечара – Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) хьадис, цунца доьзна долу Іилманаш, цхьаболчара – Іарбийн маттаца доьзна долу Іилманаш (сарф, нахьву, меттан говзалла, и саннарш), кхечара – фикъхІан Іилма, цуьнца

доьзна долу шариIатан хьукманаш а Iамо юьхьарлаьцна. Баккъалла а, цаьргара схьадаьхкина долу хIара Iилманаш жайнашкахь дIаяздина, царна хIоранца йогIуш йолу цIерш а теххина, Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) заманахь шаьш хилла йоцу.
Кхетош-кхиоран, гIиллакх довзаран, АллахIна гергавуьгу некъ бовзаран а Iилманан новкъа ваьллачух, суфий, аьлла. Вай юьйцу цIерш Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) заманахь хилла яц, вайн эла волчу Мухьаммада (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) деанчу шариIатан Iилманаш довзуьйтуш, царна теххина цIерш бен ма яц уьш. Ткъа оцу Iилманех цхьа Iилма Iамийна, оцу Iилманца йогIуш йолу цIе шех йоккхуш волчух бусалба ву аьлла цIе яккхар дIадолуш дац. Сийлахьчу Къуръана чохь я сийдолчу суннатехь хьахийна доцу куц я яьккхина йоцу цIе тиллар хьарам дац, бакъду, шариIатехь мегаш ду иза. Баккъалла а, Веза-Сийлахьчу АллахIа Къуръана чохь бусалба нах хьахийна тайп-тайпанчу цIершца: ас-са́бикъи́н (дика Iамал ярехь хьалхе яьккхинарш), ас-со́лихьи́н (дика Iамал еш берш), аль-мухбити́н (АллахIна муьтIахь берш), уьш йоцчу кхечу цIершца а, цара ечу Iамале хьаьжжина церан куц хIоттош. Ишта цхьаболчу асхьабашна цIерш теххина церан тайпанийн я уьш схьабевллачу меттигийн цIершка хьаьжжина: гIифарийн тайпанах волчу Абу Заррах – Абу Зарр аль-ГIифа́рий, Хьабашийн махкара волчу Билалах – Билал аль-Хьабаший, Фарисойх волчу Салманах – Салман аль-Фа́рисий, Румера волчу СухIайбах – СухIайб ар-Ру́мий аларх терра. Оцу дерригено а кхачам боллуш хоуьйту, суфий я тасаввуф бохуш йолчу цIерша бусалба динах къастош цахилар я шена тIаьхьаваьзнарг цо шеконна тIенисвеш цахилар а. Баккъалла а, Исламан нийса некъ схьалаца, динехь нисвала а, Iаламаш кхоьллинчу АллахIна гергавуьгучу новкъа вала а лууш волчунна тIенисво цо, сийдолчу Къуръана чохь, Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) суннатехь а деана ма-хиллара.

Амма хIара цIе схьаяларан бух бовза лууш волчунна, баккъалла а, цуьнан хьокъехь дуккха дешнаш даьхкина хилар карор ду цунна, царах ду:

1. И цIе ас-су́ф (тIаргIа) бохучу дашах схьаяьлла ю, тIергIа бедарш тIеюьйхинчух суфий олуш хилла. ХIара цхьа некъ бу, делахь, суфий хилархьама, тIергIан бедарш лелор бехкам ца хилла, царах цхьаболчара уьш лелош хиллехь а.

Ибн Таймийяс (Дала къинхетам бойла цунах) цу хьокъехь резавоцуш дош аьлла. Цо хьахийна Абу Шайх аль-АсбахIа́нис (Дала къинхетам бойла цунах) Си́ри́нан кIантах Мухьаммадах (Дала къинхетам бойла цунах) схьадалийнарг, ткъа цуьнга хабар кхаьчнера, цхьа нах тIергIан бедарш лелор деза хеташ бу, аьлла. ТIаккха Си́ри́нан кIанта Мухьаммада (Дала къинхетам бойла цунах) элира: **«Баккъалла а, наха тIергIан бедарш хоржу, Маръяман кIантах**

**Іийсах** (Делера салам хуьлда цунна) **шаьш тардала гІерта бохуш, ткъа вайна сийлахь дерг вайн Пайхамаран** (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) **суннат ду, Пайхамара** (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) **бамбанах я кхечу кІадих йолу бедарш лелош ма хилла».**

Абу Наср ас-Сира́ж Ат-ТІу́сий цІе йолчу Іеламстагана (Дала къинхетам бойла цунах) царах суфий алар царна тІехь долчу духаре хьаьжжина ду аьлла хета, хІунда аьлча тІергІан бедарш лелор пайхамарийн (Делера салам хуьлда царна) гІиллакх, эвлаяийн, цІенчу нехан а билгало йолу дела. Цуьнан хьокъехь дуккха шайн бух болу дийцарш даьхкина; хьуна ца го, Веза-Сийлахьчу АллахІа Іийса-пайхамарна (Делера салам хуьлда цунна) уггаре уллорчу накъостийн цара лелочу духаре хьаьжжина цІе яьккхина хилар. Веза-Сийлахьчу АллахІа боху: **«Хьаварийюнаша** (Іийсана тІаьхьахІиттина апостолш) **аьлла хан хьахае…»** Уьш кІайн бедарш лелош нах бара, цундела Веза-Сийлахьчу АллахІа гуш долчу суьрте хьаьжжина цІе яьккхина церан, цаьргахь долу Іилма, цара еш йолу Іамал, церан хьал а ца хьахош. Ишта хета суна, тІергІан бедарш лелочеран суфий аьлла цІе яккхар, амма дика хууш верг АллахІ Ву. Воккха Іеламстаг волчу Хьасан аль-Басрийс (Дела реза хуьлда цунна) аьлла: **«Баккъалла а, Бадрун гІазотехь хиллачарах 70 асхьаб вевзина суна, церан массеран духар тІергІан дара».**

2. И цІе суффат (четар) охІлане йиллина ю, Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) заманахь Іилма Іаморна, Іибадат дарна а тІехь къахьоьгуш хиларца шаьш гІарабевлла хилла болчу. Баккъалла а, церан дахар доккха масал хилла, Исламан заманашкахь тасаввуф охІлано цунах шайн Іалашо а еш. Ибн Таймийяс (Дала къинхетам бойла цунах) шен фатваш долчу жайнахь аьлла: **«Баккъалла а, тасаввуф боху цІе суффат** (четар) **охІлане йиллар нийса дац, иза нийса хилча, цунах** (су́фий ца олуш)**, суффий эр дара».**
3. И цІе ас-соффу (могІа) бохучу дашах схьаяьлла ю, уьш шайн дегнашца АллахІна тІеберзарехь, дерриге Іибадаташ дарехь а хьалхарчу магІарехь хиларна. Ибн Таймийянна гергахь, хІара а нийса дац. Иза иштта делахьара, соффий (могІарехь верг) эр ма дара. Амма имам Къушайрис (Дала къинхетам бойла цунах), иза нийса маьІна ду, аьлла, делахь а тасаввуф боху дош меттан Іилмано соффун (могІа) бохучу даше ца дуьллу.
4. И цІе ас-софа́у (деган цІеналла) бохучу дашах схьаяьлла ю, Іеламстага Абу аль-Фатхь Бустийс (Дала къинхетам бойла цунах) цунах лаьцна байташ аьлла:

**Суфий бохучу дешан хьокъехь нехан къовсам хилира,**
**Цхьаболчарна моьттира, и *су́ф* бохучу дашах схьадаьлла,**

**ЦIена волчу къонахчунна бен хIара цIе ас лур яцара,**
**Дог цIандинарг ву иза, тIаккха шех, суфий, аьлла.**

Имам ГIазалис (Дала къинхетам бойла цунах), хIара маьIна чIагIдеш, «Iава́рифуль-маIа́риф» цIе йолчу шен жайнахь боху: «Суфий – иза дегIан лаамех шен дог цIандарна, шен хенаш эрна ца яйарна а тIехь даима къахьоьгуш верг ву. ХIокху вай дийцинчу дерригенна тIехь цунна гIо до, даима шен Деле ша хьашт хилар цунна хааро. Ша АллахIе хьашт хилар даима дагахь латторо тиларх ларво иза. Цуьнан са шен лаамаш гучубахарца карзах мосазза долу, шен кIоргера болчу кхетамца цунна тIекхуьу иза, тIаккха шен син ойланца АллахIна тIе а воьрзу иза. Цуьнан ойла АллахIна тIе яхийтина хилар даима дог-ойла цIена латторца ду, ткъа цуьнан ойла екъаялар, тилла хилар а – иза шен дегIан лаамашна тIаьхьавазар бахьанехь ду. АллахI дагахь латторца шен дог Iалашдеш хуьлу иза, ткъа шен дог Iалашдарца шен дегIан лаамашна тIехь толам боккху цо. Веза-Сийлахьчу АллахIа боху: **«ХIай Деле ийман диллина нах, АллахIан хьаккъаш лардеш, нийсонца тоьшалла деш хилалаш».** ХIокху аятехь хьахийна долу АллахIан хьаккъаш лардар шен дегIан лаамашна дуьхьал къийсам латторца хуьлуш ду, иза тасаввуфан коьрта Iалашо ю».

ХIара маьIна чIагIдо шайх Мухьаммад-Ами́н аль-Курдис (Дала къинхетам бойла цунах), цо боху: **«Тасаввуфан Iилма ас-софа́у** (деган цIеналла) **бохучу дашах схьаэцна ду, цундела шен дог тиларха цIанделла, ша хьекъалх вуьзна, деши, латта а шена цхьатерра хеташ волчух суфий олу».**

Имам Къушайрис (Дала къинхетам бойла цунах) шен «Риса́лат» цIе йолчу жайнахь аьлла: **«Суфий бохург *ас-софа́у* дашах схьадаьккхина хилар Iарбийн матто лоьхучунна гена ду».**

5. И цIе ас-софват (АллахIа кхоьллинчу халкъах хаьржина берш) бохучу дашах схьаяьлла ю. Ибн Таймийяс (Дала къинхетам бойла цунах) и нийса дац, иза иштта делахьара, софавий (хаьржинарг) эр ма дара, аьлла.
6. И цIе ас-су́фат (месаш) бохучу дашах схьаяьлла ю, хIунда аьлча суфий, Веза-Сийлахьчу АллахIна муьтIахь хиларна, охьайожна мас санна волу дела.
7. И цIе су́фат бохучу дашах схьаяьлла ю. ЖехIил хенахь шех су́фат олуш цхьа нах хилла, дуьне дIатесна, Веза-Сийлахьчу АллахIна Iибадат дарна тIебирзина, КаIбатна уллохь бехаш. ТIаккха царах тера волчунна суфий аьлла цIе тиллина.
8. Цхьаболу малхбален Iилманчаш суфий боху дош желтойн (греки) маттахь долчу су́фа бохучу дашах схьадаьлла ду аьлла хеташ бу,

цуьнан маьIна – хьекъалалла бохург ду. Иза, шен цхьа а бух боцуш, шайгара юкъатуьйсуш доьхна хабар ду.

И дерриге вай дийцинчул тIаьхьа, тасаввуф къаьсттина куьцаш долчу нахана тиллина цIе ю аьлла хета суна, вай тIаьхьо хьахор ду уьш. Суфий боху цIе хIокху тобанна, уьш кхечарех къасторхьама, тиллина цIе лору, шен кхин маьIна доцуш. Имам Къушайрис (Дала къинхетам бойла цунах) чIагIдинарг ду иза, цо боху: **«ХIара цIе, дукха хьолахь, хIокху тобанах йоккхуш ю: стагах – суфий, тобанах – суфиййяхI олу, оцу балхе кхача гIертачу цхьана стагах – мутасоввиф, тобанах – мутасоввифахI олу. Iарбийн маттахь хIара цIе цхьана дашах схьаяьккхина я цхьана дашах тарйина ю аьлла тоьшалла деш хIумма дац».** Цул тIаьхьа имам Къушайрис (Дала къинхетам бойла цунах) боху: **«Баккъалла а, хIара тоба тIех гIараяьлла ма ю, и билгалъяккха цхьана дашах таръян я кхечу дашах схьаяьккхина ю аьлла чIагIдан а ца оьшуш».**

Ибн Халдуна (Дала къинхетам бойла цунах), цуьнан маьIна билгалдеш, аьлла: **«ШолгIачу бIешарахь, цул тIаьхьа а дуьненан хьал тоделла, нах дуьненна тIебирзинчу хенахь, Iибадат дарна тIебирзина нах *суфий* бохучу цIарца билгалбевлира».**

ХIара дерзош суна билгалдаккха лаьа, суфий боху цIе схьаяларан бух хаа гIертар коьрта цахилар; башхалла яц, ас-су́ф (тIаргIа) я суффат (четаран) охIла, я ас-соффул-аввал (хьалхара могIа), я ас-софа́у (деган цIеналла), я ас-софвату (хаьржинарш) бохучу дешнех муьлххачух и схьаяьккхина елахь а. Коьрта дерг – цуьнан кхолладалар, цуьнан коьрта Iалашо, цуьнан некъаш, цуьнан гIиллакхаш, цуьнан куьцаш, цуьнан дахаран кеп, цуьнан Iамалш а вайна йовзар ду.

## Тасаввуфан Iилма кхолладалар

Тасаввуфан Iилманах лаьцна дуьйцуш, «Кашфуз-зуну́н» цIе йолу жайна яздинчо имам Къушайрийн (Дала къинхетам бойла цунах) хIара къамел схьадалийна: **«Шуна хаийла, АллахIа шух къинхетам барш, Делан Элча** (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) **дIаваьллачул тIаьхьа бусалба наха шайн заманахь хиллачу безчу нахах Iеламнах ца аьлла, царах Делан Элчанан** (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) **асхьабаш алар доцург. Цул лакхара цIе йоцу дела, царах асхьабаш аьлла. ШолгIа бIешо тIедеанчу хенахь, асхьабашна накъосталла диначарех табиIийнаш** (асхьабашна тIаьхьабаьзнарш) **аьлла, иза сийлахь цIе ю аьлла хетта царна. Цул тIаьхьа, царна тIаьхьабогIучарах, атба́Iут-табиIийна** (табиIийнашна тIаьхьабаьзнарш) **аьлла. Цул тIаьхьа хьелаш, барамаш а хийцабелла,**

**динан белхаш чIогIа ларбарца билгалбевллачу нахах аз-зуххIа́ду** (дуьне дIатеснарш)**, аль-Iубба́ду** (Iибадат дукха деш берш) **аьлла. Цул тIаьхьа динехь боцу керла белхаш гучубевлла, тобанашна юккъехь къийсамаш буьйлабелла. ХIора тобано, дуьне дIатеснарш, Iибадат дукха деш берш а шайна юккъехь бу бохуш, девнаш деш хилла. Суннат лелорца шаьш билгалбевлла, шайн догIмаш АллахI дагахь латторца лардеш, шайн дегнаш гIопал хиларх Iалашдеш болчара шайн тобанна тасаввуфан охIла аьлла, цIе тиллина. ХIара цIе оцу баккхийчу Iеламнахана юккъехь хIижрин терахьца ши бIе шо дIадаьлча гIараяьлла».**

Бакъду, тIаьхьа вайна хуург ма-хиллара, хIара цIе ши бIе шо далале хьалха а йоккхуш хилла, делахь цул тIаьхьа бен гIара ца яьлла иза. Доктор волчу Хьасан ИбрахIима аьлла: **«Оцу** (тасаввуфан) **заманахь бусалба нехан ойланаш дIалаьцна белхаш бийцича, баккъалла а, суьпаллийца, АллахIах кхерарца а гIарабевллачу бусалба нахана тавхьийдан Iилманехь карош ца хилла Веза-Сийлахь Волу АллахI везарх дуьзна долчу дегнашна кхачам беш дерг. ТIаккха царна дагадеана дуьне дIатасарца, холбате биссарца, Веза-Сийлахь волу АллахI везарехь шайн са дохкарца а Цунна герга хила; царах *мутасаввифийна* алар цунах схьадаьлла».**

Аль-Мада́иний бохучу Iеламстага хьахийна, цхьаболчу Iеламнаха элира, аьлла: «Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) заманахь цхьа Iарби вара, шен дегIана кхоа ца деш, даьхни духкуш, ткъа Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) дIакхелхинчул тIаьхьа тIергIан бедарш тIе а юьйхина, ша лелочу вуочу хIуманах вуха а ваьлла, дин Iамо, Iибадат дан а волавелира иза. Цуьнга цхьамма элира: **«Пайхамар** (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) **дийна волуш ахьа хIара динехьара, иза хьох воккхавийр вара».** Цо элира: **«Сан шиъ тешам бара, цаьршиннах цхьаъ дIабаьлла, важа бисина**, **Веза-Сийлахьчу АллахIа боху: «АллахI царна Iазап лур долуш ма вац, хьо** (хIай Мухьаммад) **царна юккъехь мел ву», – хIара хьалхара тешам бу, Пайхамар** (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) **дIакхалхарца дIабаьлла болу. Веза-Сийлахьчу АллахIа юха а боху: «АллахI царна Iазап лур долуш ма вац, уьш гечдар доьхуш мел бу», ткъа хIара шолгIа тешам бу, стаг АллахIе гечдар доьхуш мел ву цунна лаьтташ болу».**

ТабиIийнех волчу воккхачу Iеламстага Хьасан аль-Басрийс (Дела реза хуьлийла цунна) аьлла: **«Баккъалла а, Бадрун гIазотехь хиллачарах 70 асхьаб вевзина суна, церан массеран духар тIергIан дара».**

Иштта цунах дийцина, цо элира, аьлла: **«Суна суфий дуьхьалкхийтира тӀаваф дечу хенахь, ас цунна яла дагахь цхьа хӀума кховдийра, амма цо иза схьа ца ийцира, цо элира: «Соьгахь диъ шай ду, уьш суна тоьаш ду».**

Иштта, олучо аьлла: **«Дуьххьара шех суфий аьлларг – иза Абу ХӀа́шим аль-Ку́фий ву, Куфехь дуьненчу ваьлла волу. Цо шен дукхахйолу хан Шемахь яьккхина, 150-чу шарахь кхалхар хилла цуьнан».**

Иштта, Суфьян ас-Саврий (Дала къинхетам бойла цунах) бохучу Ӏеламстагах дийцина, цо элира, аьлла: **«Суфий волу Абу ХӀа́шим ца хиллехьара, суна рияъ** (гайтархьама хӀума леладар) **ма-дарра девзар дацара».**

Иштта, олучо аьлла: **«Дуьххьара тасаввуф дӀахьеха жима хьуьжар йоьгӀнарш – хӀижрин терахьца 177-чу шарахь кхелхина волчу Зайдан кӀентан Ӏабдул-Ва́хьидан накъостий бу. Иза Хьасан аль-Басрийн** (Дала къинхетам бойла цунах) **асхьабех ву».**

Баккъалла а, хьахийна, имам Малика (Дала къинхетам бойла цунах) элира, аьлла: **«Ша фикъхӀ Ӏамийна, амма тасаввуф ца Ӏамийнарг, баккъалла а, иза дог Ӏеса дерг ву. Ша тасаввуф Ӏамийна, амма фикъхӀ ца Ӏамийнарг, баккъалла а, иза галваьлларг ву. Амма и ший Ӏилма Ӏамийнарг, баккъалла а, иза нийсачу новкъа ваьлларг ву».**

Билггала хууш долчух ду, имам Малик (Дала къинхетам бойла цунах) хӀижрин терахьца 179-чу шарахь нуьречу Мадинатахь кхелхина хилар. Тасаввуфан Ӏилма оцу заманахь дуьйна девзаш хиларна тӀенисво хӀокхо.

Бакъду, цхьаболчара цу хьокъехь аьлла: **«Дуьххьара тасаввуф Ӏилманан тӀегӀан тӀе а даьккхина, иза билгалдинарг – Зун-Ну́н аль-Мисрий** (Дала къинхетам бойла цунах) **ву, ша имам Маликан** (Дала къинхетам бойла цунах) **мутаӀелам хилла а, 245-чу шарахь кхелхина а волу. Иштта, цуьнан маьӀна билгалдеш, иза дакъошка декънарг, иза даржийнарг – Джунайд аль-БагӀда́дий** (Дала къинхетам бойла цунах) **ву, 297-чу шарахь кхелхина волу».**

Цул тӀаьхьа тасаввуф Ӏилманца гӀарабевлла дуккха Ӏеламнах кхиъна, царах хӀораммо а тасаввуфан некъаш билгалдина, цуьнан Ӏалашоне шаьш кхачош долу. ТӀаккха тасаввуфан Ӏилма бусалба умматан массо агӀонашкахь, махкашкахь а, массо заманашкахь, хенашкахь а даьржина, тахана вай шена чохь дехачу замане схьакхаччалц.

## Тасаввуфан шариӀатца йолу зӀе

Тасаввуфан ма-дарра долу маьӀна ца девзаш, дуккха болчу бусалба нахана тасаввуфан охӀла бусалба динах арабевлла я дин дитина, я дин довзарх

генабевлла, я и дин дохо юкъабаьхна бу моьтту. Бакъду, нийсонна тӀехь волчунна, тасаввуфан бакъдолу Ӏилма, Ӏалашонаш, некъаш а Ӏамош, церан хьуьжаршкахь вехаш, церан новкъа воьдуш, цаьрца ша кхуьуш а волчу хенахь, бакъболу бусалбанаш, ийман кхочушхилларш, сийлахьчу Къуръанах, сийдолчу Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) суннатах тасабелларш а уьш хилар карадо. Царна ишта карадо, пӀелган буьхьигал уьш шариӀатах херабевлла цахилар, цара Ӏамош долу Ӏилманаш Сийлахьчу Къурьано хьахийна долчу дог цӀандаран низамца, сийдолчу Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) хьахийна долчу ихьсанан дарже кхачарца а догӀуш хилар.

Бусалба стагана ша Сийлахьчу Къурьан чу хьаьжча, бусалба дин даржорехь Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) шена хьалха хӀоттийна хилла йолу коьрта Ӏалашонаш билгалъеш долу дуккха аяташ карадо. Уьш йиъ Ӏалашо ю:

1. Бусалба нахана сийдолчу Къурьанан аяташ деша, цаьрца Ӏамал ян, царах шайн дахаран низам хӀотто а Ӏамадар;
2. Вуочух синош цӀандар – иза синош кхиоран Ӏилма ду;
3. Сийдолчу Къурьанан хьукманаш, Ӏалашонаш, омранаш а царна довзийтар;
4. Царна хьикмат (хьекъале дерг) довзийтар, – иза бусалба стеган дуьненан дахарехь кхидолчу халкъаца хила еза юкъаметтиг йовзийтар ду.

Оцу вай дийцинчу аятех цхьаъ хӀара ду. Веза-Сийлахьчу АллахӀа боху: **«Иза** (АллахӀ) **ву, йоза ца хуучу нахана юккъе царах волу Элча** (Мухьаммад) **вахийтинарг, цо царна Цуьнан аяташ доьшуш, уьш** (ширках) **цӀанбеш, царна жайна** (Къурьан)**, хьикмат** (Къурьана чохь долу хьукманаш я суннат) **а хьоьхуш, – уьш хьалха билггалчу тилар чохь хиллехь а».** *«Аль-ДжумуӀат», 2.*

Баккъалла а, Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) хӀара коьрта Ӏалашонаш кхочушъярца массарел чӀогӀа дӀахӀоьттира тасаввуфан охӀла. Бакъду, цара синош цӀандарна тӀебахийтина тидам кхин а чӀогӀа бара, хӀунда аьлча царна кхийолу Ӏалашонаш кхочушъярехь, бусалба нах исламан, ийманан а цӀоналле бухаберзорехь уггаре кхиаме, нийса а некъ иза хилар карийна дела. Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) заманахь цо кхиийна, вуочух дӀацӀанбина а хилла болчу цуьнан сийдолчу асхьабашна юккъехь ма-хиллара болу некъ бу иза. Уьш бара нахалахь уггаре диканаш.

Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) асхьабийн зама дӀаяьллачул тӀаьхьа цхьаболчу бусалба нехан дегнаш хийцаделира, дуьне

дезаре, дегӀан лаамашка, дуьненан марзонашка тийжар бахьанехь, тӀемаш беш меттигаш схьаяьхначул тӀаьхьа кхечу къаьмнех иэдалар бахьана долуш а.

ХӀара ду-кх, Ибн Халдуна (Дала къинхетам бойла цунах) шен «Мукъаддимат» цӀе йолчу жайнахь тасаввуфан Ӏилма дуьйцуш шена тӀе тидам бахийтинарг, цо аьлла: **«ШолгӀачу бӀешарахь, цул тӀаьхьа а, дуьненан дахаран хьал тоделла, нах цунна тӀебирзинчу хенахь, АллахӀна Ӏибадат дарна тӀебирзинчу наха шайна *суфий, тасаввуфан охӀла* а аьлла цӀе тиллина».**

Баккъалла а, сийдолчу суннато массарна девзаш долчу, Ӏумара (Дела реза хуьлда цунна) дийцинчу хьадисехь билгалдина, чӀогӀа Ӏаьржа месаш а йолуш, тӀеюьйхина кӀайн бедарш а йолуш волчу стеган куьцахь деанчу Джабраил-маликана (Делера салам хуьлда цунна), шен асхьабашца хиъна Ӏаш волчу Пайхамарна (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) а юккъехь лелла долу къамел. ХӀокху хьадисехь Джабраила (Делера салам хуьлда цунна) бусалба динан баххаш болчу исламах, ийманах, ихьсанах а лаьцна хеттарш до, вайн эла волчу Мухьаммада (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) цунна жоьпаш ло. Баккъалла а, Ӏеламнахах хӀора тоба оцу баххех къаьсттина цхьана буха тӀехь къахьега юьйлира. Ӏакъидат, фикъхӀ а девзаш болчу Ӏеламнаха исламан баххаш Ӏаморна тӀе тидам бахийтина, Ӏакъидат, тавхьид а девзаш болчу Ӏеламнаха ийманан баххаш Ӏаморна тӀе тидам бахийтина. Ткъа ихьсан – иза Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) довзийтина ма-хиллара: **«Ахьа АллахӀна Ӏибадат дар ду, хьайна и АллахӀ гуш волуш санна; хьуна Иза гуш цахиларх, Цунна хьо гуш ву»**. Нах дине кхойкхуш, динехь кхетош-кхиоран Ӏилма девзаш, шайх тасаввуфан охӀла олучу Ӏеламнаха цунна тӀе тидам а бахийтина, Сийлахьчу Къуръанца, сийдолчу суннатца а хӀоттийначу низамца иза бакъдеш дӀахӀотторна тӀехь къахьегна, шайна АллахӀ, Цуьнан Элча (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) а везаш хиларна, даима Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) суннатна тӀаьхьабозуш хилархьама а, АллахӀ хьехоре, нийсоне, деган цӀеналле, динехь нисбаларе, и санна долчу дикачу хӀумане а нах кхайкхархьама а. Имам, хьафиз а волчу Мухьаммад Сыдди́къ аль-ГӀума́рий (Дала къинхетам бойла цунах) бохучу Ӏеламстаге хьаттина хилла, дуьххьара тасаввуфан бух биллинарг мила ву, иза стигларчу омранца ду я дац аьлла а. Цо жоп делла: «Дуьххьара тӀарикъатан бух биллинарг мила ву аьлча, вайна хаа деза, тӀарикъат Мухьаммаде (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) доссийначу динах цхьа дакъа а долуш, стигларчу омранца шен бух биллина ду, хӀунда аьлча цхьа шеко а йоцуш иза ихьсанан дарж ду, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) шен хьадисехь: **«Иза Джабраил-**

**малик** (Делера салам хуьлда цунна) **дара, шун дин шуна хьеха деана», -** ша олуш, билгалйина бусалба динан кхаа рукнанах цхьа рукна ю.

И рукнаш – ислам, ийман, ихьсан а ду. Ислам бохург – АллахIна муьтIахь хилар, Iибадат дар а ду. Ийман бохург – нур, дегатешам а бу. Ихьсан бохург – АллахI даг чохь латторан, дагца АллахI гуш волуш санна хиларан а дарж ду: **«Ахьа АллахIна Iибадат дар ду, хьайна и АллахI гуш волуш санна; хьуна Иза гуш ца хиларх, Цунна хьо гуш ву»**.

Цул тIаьхьа Мухьаммад Сыдди́къ аль-ГIума́рий бохучу Iеламстага (Дала къинхетам бойла цунах) шен жайнахь аьлла: **«Баккъалла а, хьадисехь деана ма-хиллара, кхаа рукнанна тIехь лаьтташ ду дин, тIаккха оцу кхаа рукнанах цхьа рукна йолу ихьсан шегахь доцчун дин, шеко йоцуш, эшна ду, оцу динан рукна цо йитарна. ТIарикъато лоьхуш долчун коьрта Iалашо, цо билгалдеш дерг а, иза – ислам, ийман а тодинчул тIаьхьа, ихьсанан дарж ду».**

Баккъалла а, Сийдолчу Къуръанан аяташ доьшуш, Пайхамарера (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) схьадеанчу дешнашка, цо лелийначу белхашка, цуьнан хьелашка а, уьш билгалдеш яздинчу жайнашка а хьоьжуш вай шариIат Iамийча, иза шина декъе декъалуш карадо вайна:

1. Белхаш, куьцаш, меженашна хаалуш болу белхаш. Цо чулоцу: ламазехь дIахIоттар, охьахаар, рукуI, сужда, Къуръан дешар, тасбихь дар, доIанаш дар, АллахI хьехор, хьукманаш, Iибадатан белхаш, уьш доцурш а. Уьш дерриге кхочушдеш схьабаьхкина хьадисаш Iамийна, уьш дийцина а болу Iеламнах, шариIатан, фикъхIан а Iеламнах а (Дала умматан цIарах диканца бекхам бойла царна), цара умматна дин лардина, цуьнца Iамал яр цунна атта а дина.
2. Къайлаха долу куьцаш, Iамал ярехь лакххахь вай бийцина белхаш, куьцаш а кхочушдарехь, цаьрца цхьаьна ца хилча йиш йоцуш, ламазехь дIахIоттарехь, охьахаарехь, рукуIехь, сужданехь, доIа дарехь, АллахI хьахаварехь, диканиг де аьлла омра дарехь, вуониг ма де аларехь, шен хIусамехь, гIазотехь а волчу хенахь Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) шаьш лардина долу. Цо чулоцу: ийман, дегацIеналла, йоле сатийсар, собар, АллахIна тIе болх биллар, дуьне дIатасар, дог токхе хилар, оьшучу хIуманехь шен дегIал кхиверг хьалхаваккхар, комаьршалла, гIиллакх, АллахIах кхерар, эхьхетар, АллахIна муьтIахь хилар, АллахIна хьаставалар, АллахIе дехар, дуьненал эхарт харжар, АллахIна дуьхьалкхетаре сатесна хилар, кхидолу къайлаха куьцаш, АллахIах тешаран гIиллакхаш, бусалба динан низамаш, Къуръана чохь хьахийна долу пайхамараллин гIиллакхаш а. Уьш дерриге шариIатна оьшуш ду, дегIана са эшарх

терра. ХІокху вай дийцинчунна юкъадогІу билгалдарш, дакъош, гІиллакхаш, хьукманаш а, цунах къаьсттина цІе йолуш Іилма, фикъхІ а кхуллуш. Хьалхарчу декъехь вай дийцинарг билгалдеш, цуьнан мадарра долчу маьІнах кхетош, уьш кхочушдаран некъа нисвеш долчу Іилманах гуш долу фикъхІ аьлла. ШолгІачу декъехь дийцина долу куьцаш билгалдеш, цаьрга кхачош долу некъаш довзуьйтучу Іилманах къайлаха фикъхІ аьлла. ФикъхІ, хьадис, Іакъийдат, сийрат девзаш болчу Іеламнаха гуччохь долчу Іилманна тІехь къахьега шайна тІелаьцна хилча, баккъалла а, тасаввуфан охІлано къайлаха долчу фикъхІана тІехь къахьега тІелаьцна, оцу фикъхІанна тасаввуф аьлла цІе а тиллина цара. Цара цунна дог цІандаран Іилма я ихьсан, я къайлаха долу фикъхІ, я синош кхиоран Іилма аьлла цІе тиллина хиллехьара, иза гІоле, бакъдолчунна герга а хир ма дара, хІара цІе бахьана долуш тахана вайна гуш болу къийсамаш, адамаш декъадалар а хир ма дацара.

ХІокху вай дийцинчун хьокъехь Абу Наср ас-Сира́ж Ат-ТІу́сий цІе йолчу Іеламстага (Дала къинхетам бойла цунах) боху: «Гуччохь дерг бен ца девзаш йолчу тобано инкарло йо, цара олу: **«Къуръан чохь, суннатехь а деана, шариІатан гуччохь долу Іилма бен ца девза тхуна, къайлаха долу Іилма, тасаввуфан Іилма бохучу шун дешнийн цхьа а маьІна дац».** Вай цаьрга олу: **«Баккъалла а, шариІатан Іилма цхьаъ ду, иза цхьа цІе ю, шен ши маьІна долуш: риваят** (Пайхамара, Делера салам-маршалла хуьлда цунна, дийцинарг, цо лелийнарг, цо магийнарг а довзуьйтуш долу Іилма)**, дираят а** (хьадисийн зІе, уьш дийцинчеран бехкамаш а бовзуьйтуш долу Іилма)**; и шиъ ахь цхьанатоьхча, цунах шариІатан Іилма хуьлу, гуччохь, къайлаха а йолу Іамалш яре ша кхойкхуш долу. Іилманах лаьцна хьаьттича, и гуччохь ду я къайлаха ду аьлла дош ала мегар дац, хІунда аьлча и Іилма даг чохь долчу хенахь – иза цу чохь къайлаха ду, матта тІехь леларца и гучудаллалц. Ткъа матта тІехь иза лелча – иза гуччохь ду».** ТІаккха вай олу: **«Баккъалла а, гуччохь, къайлаха а долу Іилма – иза шариІатан Іилма ду, гуччохь, къайлаха а йолу Іамалш билгалъеш, уьш яре ша кхойкхуш долу. Гуччохь йолу Іамалш, дегІан меженашца еш йолчу Іамалех терра – уьш Іибадаташ, хьукманаш а ду. Ламаз эцар, ламаз дар, закат далар, марха кхабар, ХьаьжцІа вахар, АллахІан некъахь къахьегар, уьш доцурш а – хІорш дерриге Іибадаташ ду. Ткъа хьукманашна юкъадогІу зуламхошна кхел кхайкхоран, зуда йитаран, леш хьалхабитаран, йохк-эцаран, ирс декъаран, чІир екхаран а низамаш, уьш доцурш а. ХІорш дерриге гуш йолчу дегІан меженашна тІехь лелаш долу хьукманаш ду. Амма къайлаха йолу Іамалш, дегнашца еш йолчу Іамалех терра – уьш даржаш, хьелаш а ду, цара чулоцу: къобалдар,**

**ийман, догтешна хилар, бакълер, дегацІеналла, АллахІ вовзар, АллахІна тІе болх биллар, АллахІ везар, АллахІан кхиэлана реза хилар, АллахІ хьехор, АллахІан ниІматашна шукра дар, тоба дар, АллахІах кхерар, АллахІа тоьхна дозанаш Іалашдар, ойлаяр, тергам беш хилар, АллахІан Іазапах кхерар, Цуьнан къинхетаме догдахар а, собаре хилар, долчух кхачам бар, нахаца уьйр йолуш хилар, герга хилар, шовкъе хилар, гІайгІане хилар, дохковалар, эхьхетар, веза хетар, сийдолуш хетар, лераме хилар а. ХІара – гуччохь, къайлаха а йолчу Іамалех хІора Іамал йовзуьйтуш Іилма, фикъхІ, билгалдар, кхетам балар, цуьнан ма-дарра долу сурт хІоттор а ду. ХІара – къайлаха, гуччохь йолу Іамалш нийса хиларна тІенисвеш Сийдолчу Къуръанан дуккха аяташ, Делан Элчанан** (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) **хьадисаш а ду, хуучарна хууш, ца хуучарна ца хууш».**

Гуш долу ниІмат – иза Веза-Сийлахьчу АллахІа гуччохь йолчу меженашна цаьрга Ша реза волу Іамал яйта делла долу ниІмат ду. Ткъа къайлаха долу ниІмат – иза Веза-Сийлахьчу АллахІа дегнашна лакхахь вай дийцина долу хьелаш далар ду. Гуш долчунна – къайлаха дерг, къайлаха долчунна – гуш дерг а оьшу. Веза-Сийлахьчу АллахІа боху: **«Цара и дерзийна хиллехьара Элчане а, шайна тІихІиттина болчаьрга а – цунна тІекхиа лууш** (таллам беш) **болчарна хуур дара** (бакъдерг) **цаьргара».** *«Ан-Нисаъ», 83.*

Талламбаран Іилма – иза къайлаха долу Іилма ду, тасаввуфан охІланан Іилма а ду иза, хІунда аьлча цара Сийлахьчу Къуръанах, сийдолчу хьадисах а бина талламаш болу дела. Царах цхьадерш хьахор ду вай, Дала мукъалахь. Іилма гуччохь, къайлаха а ду. Къуръан (цуьнан маьІнаш) а ду гуччохь, къайлаха а. Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) хьадис а ду гуччохь, къайлаха а. Ислам а ду гуччохь, къайлаха а. Оцу хьокъехь вайн накъосташа далош Къуръана чуьра, суннатера хьекъале делилаш ду, уьш кІеззиг долчу дешнашца билгалдар тарлуш дац, цуьнан хьокъехь шортта къамел деана, цу хьокъехь вай хьахийначух кхачо йо вай.

Оцу вай дийцинчух вайна хаар важиб ду, шариІатан гуччохь, къайлаха а фикъхІ хилар. Кхоччуш волу бусалба стаг, шен Іалашоне кхочуш волу хьехамча – иза и ший а фикъхІ Іама а дина, цаьршинца Іамал еш верг ву. Гуччохь долу фикъхІ Іамийна, амма къайлаха дерг дитинчо шен дин кхоччуш ца Іамийна. Иштта къайлаха долу фикъхІ Іамийна, амма гуччохь дерг дитинчо а шен дин кхоччуш ца Іамийна. Оцу шина фикъхІах цхьаъ вукхул деза хетта, цунах тасавелларг – цуьнан дин кхоччуш лоруш дац. Цундела гуччохь долу фикъхІ ца Іамош, тасаввуф кхочушдина, цуьнца Іамал еш волчун Іамал лорур яц, я цунах кхечунна масал хир дац, я цуьнан дин кхоччуш хир дац.

Ша тасаввуфан охӀанах ву бохуш, амма шариӀатах (Къуръанах, суннатах а) хоттавелла воцург – иза бусалба динах шена да́къа долуш я цуьнца уьйр йолуш а вац. ХӀара вай дийцинарг бакъхиларна тӀенисвеш тасаввуф охӀланан баккхийчу Іеламнехан дешнаш ду. Имам волчу СахӀл ат-Тустарийс (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла: **«Вайна ялх бух бу: АллахӀан жайнах** (Къуръанах) **тасадалар; Делан Элчанан** (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) **суннатна тӀаьхьадазар; хьанал рицкъа даар; вуон дерг духатохар; къиношна генадовлар; вешан декхарш кхочушдар».**

Абу Язид аль-БастӀамис (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла: **«ХӀаваэхула леллал шена карамат делла волу стаг шайна гича, цунах Іеха ма лолаш, шайна иза диканиг де олуш, вуониг ма де олуш, АллахӀан дозанаш лардеш, шариӀат кхочушдеш а галлалц».**

Джунайд аль-БагӀдадис (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла: **«Дерриге некъаш бусалба нахана дихкина ду, Делан Элчано** (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) **бина некъ боцург».** Цо иштта аьлла: **«Къуръан, хьадис а Іамийна воцчунна хӀокху вайн** (тасаввуфан) **балхехь тӀаьхьавозур вац, хӀунда аьлча хӀара вайн болх Къуръанах, суннатах боьзна болу дела».**

Шайх волчу Абу аль-Къа́сим ан-Наср Абадис (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла: **«Тасаввуфан бух – Къуръанца, суннатца хоттавелла хилар, синлаамаш, динехь керла хӀуманаш а дитар, нехан бехказлонаш гуш хилар, вирд дина тӀелаьцна Іамалш даима еш хилар, атта дерг лехар дитар, кӀорге ца гӀертар а ду».**

Ибн ІатӀоиллахӀ ас-Сакандарийс (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла: **«Шен са суннатан гӀиллакхашна тӀехь сацийначун дог АллахӀа Ша вовзаран Іилманца нуьре дийр ду. АллахӀна дукхавезаш волчу Элчанан** (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) **омранаш, белхаш, гӀиллакхаш а лардеш, цунна тӀаьхьавазарал деза дарж ма дац».**

Амма бусалба динан делил аьлла шен цӀе йоккхуш волчу Абу Хьамид аль-ГІазалис (Дала къинхетам бойла цунах) суфийн хьокъехь аьлла: **«Баккъалла а, АллахӀан новкъа бевлларш кӀезиг бу, амма нах дине кхойкхуш берш дуккха бу, ткъа оха хьуна церан шиъ билгало йовзуьйтур ю:**

1. Цуьнан берриге белхаш шариӀатан терзанца узуш, цуьнан дешнаш, цуьнан Іалашо – цхьана хӀуманна иза тӀеверзар я вухакхетар а шариӀатца дозуш хилар. ХӀунда аьлча АллахӀан новкъа валар тарлуш ма дац, шариӀатан дерриге а хастаме гӀиллакахш шегахь хиллалц.
2. Оцуьнга кхочур вац, суннат Іамалш ларъеш верг а бен, ткъа парз Іамалш ярна тӀехь ледарло еш верг муха кхочур ву цуьнга?»

Имам Ахьмад ибн Таймиййяс (Дала къинхетам бойла цунах) шен фатваш дуьйцучу жайнин уьтталгIачу декъехь суфийн охIла Къуръанах, суннатах а тасабелла хиларх дийцина, цо аьлла: **«Амма АллахIан нийсачу новкъа бевлларш, хьалха дIабаханчу шайхийн тобанах болу Фудайл бин Iия́д, Ибра́хIи́м бин АдхIам, Абу Сулайман ад-Да́ра́ний, МаIру́фул-Кархий, ас-Сарийю ас-СакъотIий, Джунайд бин Мухьаммад, уьш боцурш а, тIаьхьо баьхкинчарах шайх Iабдул-Къо́дир Гила́ни́, шайх Хьамма́д, шайх Абу аль-Бая́н, уьш боцурш а, цара АллахIан некъахь ву бохуш верг шарIо тIедиллинчу диканца омра дарх, цо дихкина долчу вуониг ма де аларх а дIавалар къобал ца дора, иза хIаваэхь лелаш я хина тIехула волавелла воьдуш велахь а. Бакъду, ша валлалц шега дина омранаш кхочушдан, шена дихкинарг Iаддадита а декхар ву иза. ХIара ю-кх, Къуръано, суннато, хьалха дIабаханчу Iеламнехан барт хиларо а гойтуш йолу бакъо, цара шайн къамелехь дуккха хьехийнарг а».**

Кхечу меттехь уьш буьйцу, оцу заманахь уггар бакълуьйш болу нах уьш бара, бохуш.

ХIокху дерриге дийцинчух вайна хаьа, тасаввуфо Къуръанах, суннатах а тасаваларе кхойкхуш хилар. Цаьршинна дуьхьало еш дерг тасаввуфах дац, баккъалла а, иза ша тасаввуфан охIланах ву бохуш дов дечо долийна я юкъатесна, я тIекхоьллина хIума ду, я цуьнан синлаам бу, тасаввуф цунах цIена а ма ду.

**Асхьабийн, табиIинийн а заманал тIаьхьа бен тасаввуф гучу ца даларан бахьана хIун ду?**

ХIокху коьртачу хаттарна жоп ло доктор волчу Ахьмад Iалуша, цо боху: «Баккъалла а, дуккха наха вовшашка хоьтту, асхьабийн, табиIинийн а заманал тIаьхьа бен хIара кхайкхам (тасаввуф) гучу ца баларан бахьанех лаьцна, цуьнан жоп хIара ду: **«Хьалхарчу бIешарахь тасаввуфан Iилмане хьашто ца хилла, хIунда аьлча оцу заманахь хилла болу нах АллахIах кхоьруш, Цуьнан новкъахь къахьоьгуш, шайн амалшца Iибадат дарна тIебирзина а хилла. Делан Элчанца** (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) **церан хоттабалар герга хилар бахьанехь, массо балхехь цунна тIаьхьабазарехь сихо еш, хьалхе яьккха гIерташ а хилла уьш. Оцу хенахь царна тасаввуфан Iилма хьеха оьшуш ца хилла, хIунда аьлча церан Iамал тасаввуфан Iилманца йогIуш хилла дела. Баккъалла а, оцу берриге балхехь церан кица – цIеначу Iарбичун кицанах тера ду, – шен дайшкара ирс эцар бахьанехь Iарбийн мотт бевзаш, ша дуьнен чу ваьлчахьана дуьйна кIорггера маьIна долу байташ йохуш волчу, –**

**меттан бакъонех, йоза яздаран Іилманах, байташ хІотторах а хІумма девзаш воцуш. Цунах терра, грамматика, меттан говзаллин Іилма а Іамадар тІе ца дужу цунна. Бакъду, къамел нийса цадар, ледара маьІна дар а даьржинчу хенахь я Іарбийн маттах кхета, и Іамо а лууш волчу кхечу къомах волчунна, я тІаьхьайогІучу заманашкахь, шайна там болчу хенашкахь кхиъна, вовшахтоьхна а долу дисина Іилманаш санна юкъараллина оьшуш хІара Іилма дІахІоьттича, грамматика, меттан бакъонаш, байташ яхаран говзалла ца хиъча йиш йоцуш, Іамадар тІедужу».**

Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) асхьабийн, табиІинийн а тасаввуфан охІла аьлла цІе ца яькхинехь а, шаьш дечу хІуманца суфийн охІланех хилла уьш, церан иштта цІе йоккхуш ца хиллехь а. Стаг шен синлаамашна доцуш, АллахІан дуьхьа вахарал, дуьне дІатесна, Іибадат дукха деш, массо хенахь шен сица, дагца а АллахІна тІевирзина, асхьабаш, табиІийнаш а кхаьчначу лекхачу дарже кхача гІерташ хиларал чІогІа хІун ду тасаввуфах лууш дерг?! Баккъалла а, цара шаьш маттаца ийман диллина аларх, Исламан парзаш кхочушдарх а кхачо еш ца хилла, бакъду, маттаца къобалдарца цхьана церан дегнашна ийманан марзо, паргІато а хаалуш хилла. Иштта парзаш кхочушдарца цхьана, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) суннат дина Іамалш еш хилла цара, уьш хьарам долчунна генабевлла ца Іаш, шарІехь цадезалучух ларлуш а хилла, и бахьанехь церан синкхетам нуьре хилла, церан дегнашкара хьекъале шовданаш а дийлина, церан кийранаш АллахІа Шен къайленашцца буьзна. Иштта дара табиІинийн, царна тІаьхьабогІучеран а хьал. ХІара кхо зама (асхьабийн, табиІинийн, царна тІаьхьабогІучеран) бусалба динехь уггаре къегина, дика а хан ю. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) оцу хьокъехь аьлла: **«Уггаре дика бІешо – хІара со шена чохь вехаш дерг ду, тІаккха цул тІаьхьа дерг ду, тІаккха цул тІаьхьа дерг ду…»** *Бухари, Муслим.* Цул тІаьхьа шортта хан яьлча, дуккха къаьмнаш, тайпанаш а бусалба дине даьхкича, Іилманаш алсамдевлла, царах дакъош а дина говзачу нахана юккъехь уьш декъча, хІора тоба шена кхечул алсама евзаш йолу говзалла, Іилма а дІаяздан юьйлира. Бусалба динан юьххьехь грамматика дІаязйинчул тІаьхьа, фикъхІан, тавхьидан а, динан баххаш бовзийтаран а, хьадисан а, тафсиран а, мотт бийцаран а, хьадисан таллламбаран а, бусалба динан бакъонаш йовзийтаран а, ирс декъаран а, кхидолу а Іилманаш кхолладелла.

Цул тІаьхьа цхьа хан яьлча, адамийн синІаткъам кІез-кІезиг гІелбала болабелла. Дуьне дІатесна, хьарам, хьанал а къастош болчу дикачу наха шега кхойкхуш долу даггара АллахІна Іибадат дар, Цунна муьтІахь хилар а нах дицдан буьйлабелча, тасаввуфан Іилма кхидолу Іилманаш санна деза,

сийдолуш а хилар гойтуш дӀаяздан долийра. Тасаввуфан Ӏилма дӀаяздаран бахьана, кхийолчу тобанаша шайгахь кӀорге йолу Ӏилманаш дӀаяздарехь цаьрца къовсар бахьанехь ца хилла, цхьаболчу нахана ма-моттара, къаьсттина, малхбален цхьаболу Ӏилманчаш нийса ца кхетарх терра. Бакъду, иза дӀаяздира эшам цахилийтархьама, массо агӀонашкахь дика хӀума дарна, АллахӀах кхерарна тӀехь а вовшашна гӀодаре кхачорехь ша ца хилча йиш йоцуш долу дин хьаштхилар кхочушдархьама а.

Абу Наср ас-Сира́ж ат-ТӀу́сий бохучу Ӏеламстага (Дала къинхетам бойла цунах), тхуна суфий боху дош хьалха хезна дац, иза керла цӀе ю, бохучарна жоп луш, аьлла: **«Цхьамма, хаттар деш, аьлча: «Тхуна суфий боху цӀе Делан Элчанан** (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) **асхьабийн заманахь, царал тӀаьхьабогӀучеран заманахь а йоккхуш хезна яц, тхуна дукха Ӏибадат дийраш, дуьне дӀатеснарш, АллахӀан новкъахь къахьоьгуш берш, миска нах а олуш бен хезна дац. Делан Элчанан** (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) **асхьабех цхьаннех а суфий аьлла дац»,** оцунна жоп луш, АллахӀан пурбанца, вай олу: «Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) асхьабех хилар йоккха сийлалла, къаьсттина лакхара дарж а ду, оцу асхьабашна бен хила йиш йоцуш. Цундела царах Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) асхьабаш аларца цхьана, цул еза а хетта кхин цӀе яккха мегар дац, Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) сийлалла, цуьнан хьурмат а доккха хиларна. Хьуна ца го, дуьне дӀатесна, даима Ӏибадат деш, АллахӀна тӀе болх биллина, миска болуш, АллахӀан кхиэлана реза хилла, собаре болуш, АллахӀна муьтӀахь а болчеран имамаш уьш хилар. Уьш шайгахь долчу дарже Делан Элчанна (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) накъосталла даран беркатца бен кхаьчна ма бац. Царах, Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) асхьабаш аьлла, цӀе яьккхина хилча, – ша даржехь уггаре лакхара хилла йолу, царах кхин цӀе яккхар цхьана а кепара хила тарлуш ма дац».

Амма, суфий бохург БагӀдадан охӀлано юкъаяьккхина керла цӀе ю бохучо дуьйцург бакъхила йиш йолуш дац, хӀунда аьлча Хьасан аль-Басрий (Дала къинхетам бойла цунах) вехачу заманахь и цӀе евзаш хилла. Ткъа Хьасан аль-Басрий (Дала къинхетам бойла цунах) Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) дуккха асхьабаш бевзина стаг ву. Цунах дийцина, цо элира, аьлла: **«Суна суфий дуьхьалкхийтира тӀаваф дечу хенахь, ас цунна яла дагахь цхьа хӀума кховдийра, амма цо иза схьа ца ийцира, цо элира: «Соьгахь диъ шай ду, уьш суна тоьаш ду».**

Суфьян ас-Саврий бохучу Ӏеламстагах (Дала къинхетам бойла цунах) дийцина, цо элира, аьлла: **«Суфий волу Абу́ ХӀа́шим ца хиллехьара, суна рияъ** (гайтархьама хӀума леладар) **ма-дарра девзар дацара».**

Иштта Ибн Халдуна (Дала къинхетам бойла цунах), оцу хаттарна жоп луш, аьлла: **«ХIара тасаввуфан Iилма – динехь догIуш долчу шариIатан Iилманех ду, цуьнан бух – хIокху нехан некъ вайн умматах хьалха дIабаханчу баккхийчу асхьабийн, табиIинийн, царна тIаьхьабогIучеран нийсачу некъах дIацахадар ду. Цуьнан коьрта болх – Iибадат дарна тIехь латтар, шен дог-ойла Веза-Сийлахьчу АллахIна тIеерзаяр, дуьненан марзонех, хазаллех а дIаверзар, наха дукха лоьхуш долу даьхни, дарж а дитар, нахах дIа а къаьстина Iибадат дан чуволар а ду. И вай дийцинарг дерриге асхьабашкахь, хьалхалерачу Iеламнахехь а хилла. ХIижрин терахьца шолгIачу бIешарахь, цул тIаьхьа а дуьненан дахаран хьал тоделла, нах цунна тIебирзинчу хенахь, АллахIна Iибадат дарна тIебирзинчу нахана суфий аьлла цIе тиллина».**

Имам Ша́тIибийс (Дала къинхетам бойла цунах) Абу́ аль-Къа́сим Къушайрегара (Дала къинхетам бойла цунах) дуьйцуш, хIара тIаьхьадогIург боху: «**Баккъалла а, царна тасаввуфан охIла аьлла цIе тиллина, динехь керла хIуманаш юкъадохучарах къаьстина хилархьама. Делан Элча** (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) **дIаваьллачул тIаьхьа бусалба наха шайн заманахь хиллачу безчу нахах Iеламнах ца аьлла, царах Делан Элчанан** (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) **асхьабаш алар доцург, цул лакхара цIе йоцу дела. Цул тIаьхьа, царал тIаьхьабогIучарах табиIийнаш** (асхьабашна тIаьхьабаьзнарш) **аьлла, иза сийлахь цIе ю аьлла хетта царна. Цул тIаьхьа, царал тIаьхьабогIучарах атбаIут-табиIийна** (табиIийнашна тIаьхьабаьзнарш) **аьлла. Цул тIаьхьа хьелаш, барамаш а хийцабелла, динан белхаш чIогIа ларбарца билгалбевллачу нахах аз-зуххIа́ду** (дуьне дIатеснарш)**, аль-Iубба́ду** (Iибадат дукха деш берш) **аьлла. Цул тIаьхьа динехь боцу керла белхаш гучубевлла, хIора тобано дуьне дIатеснарш, Iибадат дукха деш берш а шайна юккъехь бу бохуш девнаш деш хилла. Суннат лелорца шаьш билгалбевлла, шайн догIмаш АллахI дагахь латторца лардеш, шайн дегнаш гIопал хиларх Iалашдеш болчеран тобанна тасаввуфан охIла аьлла цIе тиллина».**

ХIокху вай дийцинчух вайна билгалдолу, тасаввуф – динехь керла юкъабаьккхина болх цахилар. Бакъду, иза Сийлахьчу Къуръанах, Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) суннатах, цуьнан сийдолчу асхьабийн, царна диканца тIаьхьабаьзначеран а дахарх схьаэцна ду. Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлда цунна), цуьнан асхьабийн а заманахь тасаввуф боху цIе евзина яц, хIунда аьлча Ислам гучудалар церан дахаран йохаллехь хилла, цара шайн леларца и гойтуш, и Iаморца цуьнца Iамал а еш. Исламан дозанаш алсамдевлча, тайп-тайпанчу мехкашкахь дин даьржича, цхьана агIор – кхечу къаьмнашца иэдалар, вукху агIор – Iеламнах

шайгахь кIорге йолчу Iилманаш тIехь къахьега буьйлабалар а бахьанехь, цхьаболу Iеламнах къайлаха долу фикъхI, цуьнца Iамал яр, бусалба динан гIиллакхаш, Исламан некъаш а дуьйцуш долу Iилма Iамо а, Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлда цунна), цуьнан асхьабаш а болчу заманахь хилла долу бусалба динан мехалла, дозалла, гIиллакхаш а духадерзорна тIехь къахьега а буьйлабелла. И бахьанехь царна къаьсттина цIе тиллина, иза – суфий боху цIе ю.

## Хьалха хиллачу дикачу нахана тасаввуфах лаьцна хетарг

Баккъалла а, тасаввуфан хьокъехь бусалба стеган нислуш болу цакхетам, вуон ойла а дIайоккхуш долчух коьртаниг – иза баккхий Iеламнах болчу хьалхабаханчу дикачу нахана цунах лаьцна хеташ дерг, цуьнан хьокъехь цара аьлла дешнаш а ду. Тасаввуфан хьокъехь царна хеташ дерг, церан дешнаш, дог-ойла а – хадам беш хьукма ду, уьш Iилма хаарехь, белхаш бовзарехь а шариIатна, Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) ваьхначу заманна а герга хиларна. Шайгахь Iилма я кхетам, я хIума билгалдар а доцуш, кхечара дуьйцург схьа а лаьцна, цабезам я хьагI, я шайна пайда лоьхуш, я шайгахь Iилма ду бохуш къуьйсуш болчарна хетарг, церан дешнаш а тидаме оьцуш дац. Оха хьан тидаме дуьллу хьалхабаханчу дикачу нахана тасаввуфан хьокъехь хеташ долчух цхьадерг, церан дешнаша и гучу а доккхуш:

**1. Имам Ма́лика** (Дала къинхетам бойла цунах) боху: **«Ша фикъхI Iамийна, амма тасаввуф цаIамийнарг, – баккъалла а, иза дог Iеса дерг ву. Ша тасаввуф Iамийна, амма фикъхI цаIамийнарг, – баккъалла а, иза галваьлларг ву. Амма и ший Iилма Iамийнарг, баккъалла а, иза нийсачу новкъа ваьлларг ву».**

ХIокхо вайна гойту, имам Малик (Дала къинхетам бойла цунах) гуччохь, къайлаха а долу ший а фикъхI Iамадаре кхойкхуш хилар.

**2. Хьанафин мазхIабехь** волу, «ад-Дуррул-Мухта́р» цIе йолу жайна яздинчу аль-Хьаскафий бохучу Iеламстага далийна, Абу Iалий ад-Даккъа́къа (Дала къинхетам бойла цунах) элира, аьлла: **«Ас хIара тIарикъат схьаэцнарг Абу́ аль-Къа́сим ан-Наср Аба́дий** (Дала къинхетам бойла цунах) **ву».** Абу аль-Къа́сима аьлла: **«Ас иза схьаэцнарг – имам Шиблий, цо схьаэцнарг – ас-Сарийю ас-СакъатIий, цо схьаэцнарг – МаIру́фул Кархий, цо схьаэцнарг – Да́ву́д ат-ТIа́ий, цо Iилма, тIарикъат а схьаэцнарг Абу́ Хьани́фат НуIман** (Дела реза хуьлда цунна) **ву».** Цара массара иза хастийна, иза веза имам ву аьлла мукIарло а дина.

ХIокхо вайна гойту, имам Абу Хьанифат (Дела реза хуьлда цунна) Iилманан, мазхIабан, тIарикъатан а да хилар, цо гуччохь, къайлаха а долу ший а фикъхI Iамийна хилар а.

**3. Имам Ша́фиIис** (Дала къинхетам бойла цунах) боху: «Суфий охIланах накъостий бара сан, ас цара аьллачу кхаа хIуманах пайдаэцна. Цара аьлла: **«Хан – тур ду; ахь иза ца хадаяхь, цо хьо хадор ву». «Ахь хьайн дегI бакъдолчуьнца дIалаьцна ца хилийтахь, цо хьо доьхнадолчуьнца дIалоцур ву». «ХIума доцуш хилар –** (АллахIа) **ларваран билгало ю».**

Цо иштта боху: **«Шун дуьненах суна дезаделла кхо хIума ду: нахана хало яр дитар; адамашца гIиллакхе хилар; тасаввуф охIланан некъана тIаьхьавазар».**

ХIокхо вайна гойту, имам ШафиIий (Дала къинхетам бойла цунах) тасаввуфан охIланца гергарло долуш, царах пайдаэцна, церан тIарикъатна тIаьхьавазар дукхадезаш а хилла хилар.

**4. Имам Ахьмадан** (Дала къинхетам бойла цунах) тасаввуфан хьокъехь шина кепара ойла хилла:

1. **Царах цатешар.** Оцунна тIенисвеш ду цо шен кIанте IабдуллахIе дина весет: **«ХIай сан кIант, хьадисан Iилма Iамаделахь, суфий аьлла шайн цIе йоккхучу нахаца охьахийшарх ларлолахь, баккъалла а, царах цхьаберш динан хьукманаш ца девзаш хила тарло».**
2. **Царах тешар**, цаьргара пайда эцархьама цаьрца охьахийшаре кхойкхуш, царах дагавуьйлуш, цаьрга ладугIуш а хилар. Суфий волу Абу Хьамзат аль-БагIдадийца цхьаьна хан йоккхуш, церан хьал шена девзича, шен кIанте олура цо: **«ХIай сан кIант, хIокху нахаца цхьана охьахийшалахь, баккъалла а, уьш Iилма алсама хиларехь, АллахIан дазонаш лардарехь, АллахIах кхерарехь, дуьне дIатесна хиларехь, динца йолу ойла лакхара хиларехь а вайл совбевлла».** Хьанбалан кIанта Ахьмада (Дала къинхетам бойла цунах), шегахь Iилманан кIорге йолушшехь, шен цхьа хаттар кхолладелча, Абу Хьамзат аль-БагIдадийга олура: **«Ахь хIун олу хIокху хаттаран хьокъехь, хIай суфий?»** ТIаккха цо шега аьллачунна тIетевжара иза.

Хьанбалин мазхIабехь волчу Мухьаммад ас-Саффарийний бохучу Iеламстага IабдуллахIан кIант ИбрахIим аль-Iаланий бохучу Iеламстагах дийцина, имам Ахьмада (Дала къинхетам бойла цунах) тасаввуфан охIланах лаьцна элира, аьлла: **«Суна царал беза** (дика) **нах ца бевза».** Цуьнга элира: **«Баккъалла а, уьш ладоьгIуш, шовкъе буьйлуш а хуьлу»**. Цо элира: **«Iадбита уьш цхьана сохьтехь шайн Делаца самукъадала».**

**5. Имам Абу Хьа́мид аль-ГIаза́лис** (Дала къинхетам бойла цунах) шариIатан Iилманаш дуьйцу «Аль-АрбаIийна» бохучу жайнахь, хьалхалера философи (Iалам, адамийн юкъаралла, церан кхетам хьалхатаIарх лаьцначу законийн Iилма) юьйцучу «Макъа́сидуль-фала́сифати» бохучу жайни тIехь, иштта «Ат-ТахIа́фут» бохучу жайни тIехь ша болх бина ваьллачул тIаьхьа, тасаввуф Iилманан, суфийн охIланан а куьцаш дуьйцуш, шен «Аль-Мункъизу минад-дола́л» цIе йолчу жайнахь боху: «Цул тIаьхьа, баккъалла а, хIокху Iилманашна тIехь со болх бина ваьлча, чIогIачу ойланца тасаввуф охIланан некъ Iамо тIевирзира со; суна хиира церан некъ Iилманца, Iамалъярца а кхочушхуьлий. Церан Iилманан жамI – дегIан лаамех дIахадар, сийсазчу гIиллакхех, боьхачу куьцех а дIацIанвалар а ду, и бахьанехь цуьнан даг чуьра Веза-Сийлахь волу АллахI воцург массо хIума дIадолуш, АллахI хьехорца и дог хазлуш а. Оцу хенахь Iилма Iамор Iамал ярал атта дара суна, церан Iилмане кхачархьама Абу́ ТIо́либ аль-Маккий бохучу Iеламстеган «Къу́туль-къулу́б», Аль-Хьа́рис аль-Мухьа́сибий бохучу Iеламстеган жайнаш, Джунайд аль-БагIда́дийн, имам Шиблийн, Абу́ Язийд аль-БастIа́мийн, кхиболчу шайхийн (Дала къинхетам бойла царах) мехала дийцарш а деша волавелира со. ТIаккха церан Iилманан кIоргенаш евзира суна, церан некъах лаьцна Iилма Iаморца, ладогIарца а соьга кхечира къонахчуьнга кхача тарлуш дерг. Суна гучуделира, деккъа Iилма Iаморца цуьнга кхочург цахилар, бакъду, чам баккхарца, хьал довзарца, куьцаш хийцарца а кхочу цуьнга. ТIаккха суна билггала хиира, уьш эрна къамелаш деш боцуш, хьелаш девзаш нах хилар. Ас хьехош болчу барамах пайдаэцархьама – иза суна билггал хаар ду, тасаввуфан охIла АллахIан новкъа бевлларш хилар. Баккъалла а, церан дахар – уггар хаза дахар, церан некъ – уггар нийса некъ, церан гIиллакхаш – уггар цIена гIиллакхаш ду. Хьекъал долчеран хьекъалш, кхетам болчеран кхетамаш, шарIан къайленаш хууш болчу Iеламнехан Iилманаш а гулдича, тасаввуфан новкъахь болчеран дахарх, гIиллакхех а цхьа хIума хийца, цуьнан меттана цул гIоле дерг гайта а, оцу тIебаха некъ карор бацара царна. Баккъалла а, церан гуччохь, къайлаха а долу лелар, совцар а пайхамараллин некъан нуьрах схьаэцна ду, хIокху латта тIехь пайхамараллин нуьрал къегина нур ма дац; тIаккха суна билггал хиира, иза декъалхилла тоба хилар. Шен хьалхара бехкам – Веза-Сийлахь волу АллахI воцчух шен дог дIацIандар, шен бIогIам, догIа а – АллахI хьехорца дог дузар долчу, ламаз дан дIахIуттуш волчо ламаз дехкаран метта хIуттуш долу, шен тIаьххьара бехкам – АллахIан дуьхьа шен са ца кхоош къахьегар долчу тIарикъатан хьокъехь кхин хIун эр дара олуш болчара?!»

**6. Имам аль-Къушайрис** (Дала къинхетам бойла цунах) шен «Рисалат» цIе йолчу жайнахь, тасаввуфан охIланах лаьцна дуьйцуш, аьлла: «ХIара тоба

АллахIа Шена гергаярца хаьржина, Шен элчанаш, пайхамарш а (Делера салам-маршалла хуьлда царна) дIабевллачул тIаьхьа кхиболчу берриге лешна юккъехь уьш базбина, церан дегнаш къайленех дуьзна, Ша вовзаран нур даларца умматна юккъера уьш къаста а бина. Уьш халкъана орцах бовлуш, бакъонца церан дерриге хьелашна тIехIиттина а бу. АллахIа уьш адамийн сакхталлех цIанбина, Ша вовзаран къайленаш царна гайтарца уьш даржехь лакхабаьхна, Iибадат даран гIиллакхаш кхочушдарна тIехь церан аьтто бина, царна халкъа тIехь лелаш долу хьукманаш а гайтина. ТIаккха уьш АллахIа шайна тIедехкина декхарш кхочушдан хIиттина, хIума дерзо, хийца а АллахIа шайна делла ниIмат бакъдина цара, цул тIаьхьа АллахIе бирзина уьш, шаьш Цуьнга хьашт хилар хууш, Цунна хьалха охьатаьIна а болуш. Шаьш йина Iамалш хьехош я шайга кхаьчна къегина хьелаш дуьйцуш къамелаш ца до цара, АллахI Шена луъург деш, Шен лейх Шена луъург хоржуш, халкъо Шена кхел ца еш я оцу халкъан хьакъ Цунна тIе ца дужуш, Цо луш болу мела – комаьршаллин юьхьиг, Цуьнан Iазап – нийсонца йина кхел, Цуьнан омра – хадам беш йолу кхел хилар шайна хууш хиларна».

**7. Шайх Та́жуддийн ас-Субкийс** (Дала къинхетам бойла цунах) «МуIийдун-ниIами ва мубийдун-никъами» цIе йолчу шен жайнахь суфийн (АллахIа хан яхйойла церан, уьш, вай а ялсаманехь цхьанатохийла Цо) хьокъехь аьлла: **«Баккъалла а, церан ма-дарра долу хьал цадовзар бахьанехь, царах лаьцна тайп-тайпана къамелаш даьржина. Бакъду, уьш дуьненах дIабирзина, шайн дукхах йолу хан Iибадат деш йоккхуш бу».** Цул тIаьхьа, тасаввуфан маьIна билгалдеш, цо аьлла: **«Царах лаьцна аьлча, уьш АллахIан охIла, Цо къастийнарш а бу, уьш хьехорца АллахIан къинхетаме догдохуш, церан доIина жоп луш АллахIа догIа а доуьйтуш; АллахI реза хуьлда царна, уьш безар бахьанехь вайна а».**

**8. Имам Фахруддийн ар-Ра́зий** (Дала къинхетам бойла цунах) – воккха Iеламстаг, гIараваьлла муфассир (Къуръанан маьIна динарг) а хилла, цо шен «ИIтикъа́да́ту фиракъил-муслимийна вал-мушрикийн» цIе йолчу жайнахь, суфийн хьелаш дуьйцучу борхIалгIачу декъехь, аьлла: **«Хьо хууш хилалахь, умматан тобанаш юьйцучу хенахь дукхах болчара суфийн тоба ца хьахайо, ткъа иза цахьахор гIалат ду, хIунда аьлча суфий бохучу дешан маьIна: «АллахI вовзаре вуьгу некъ – иза дог цIандар, дегIан лаамех дIацIанвалар а ду. ХIара дика некъ бу-кх...»** Цо иштта аьлла: **«Тасаввуфан охIла – даима ойлаеш, шайн синош дегIан лаамех дIацIандеш, шайн берриге белхашкахь, Iамалшкахь а АллахI дагахь латторна тIехь къахьоьгуш, Веза-Сийлахь волчу АллахIаца кхоччуш гIиллакх лелорна тIехь чIагIбелла нах бу. Адамийн тобанех уггар дика тоба хIара ю-кх».**

**9. Имам ибн Іа́бидийна** (Дала къинхетам бойла цунах)

Іилманан талламхойн мухІар, воккха Іеламстаг, гІараваьлла фикъхІан Іилманча волчу шайхо Мухьаммад Ами́на, шех ибн Іа́бидийна (Дала къинхетам бойла цунах) аларца гІараваьлла волу, шен «Маджму́Іату раса́или ибн Іабидийн» цІе йолчу жайнин ворхІалгІачу декъехь, – «Шифа́ул-Іалийли ва баллул-гІалийл (цамгарна дарба дар, хьогалла дІаяккхар)» цІе йолчу, шена тІера Къуръанаш деша, ла́ ила́хІа иллалло́хІ бохуш зуькар а де аьлла весет даран хьукманах лаьцна дуьйцуш, тезеташкахь, Къуръанаш деша гулбеллачу меттигашкахь а шайгахь Іилма ду моттуьйтуш, шайна суфий боху цІе тиллинчу нахера дуьйлуш долу динехь доцуш керла юкъадаьхна хІуманаш дийцина. Цул тІаьхьа бакъболчу суфех лаьцна дийцина цо, ша лакхахь дина къамел берриге суфех лаьцна ду ца моттийтархьама, цо аьлла: «Бакъдерг аьлча, массо вуочу балхах цІена болчу вайн суфийн тхьамданашна ала хІума дац вайн. Баккъалла а, шина тобанан имам, вайн эла а волчу Джунайде (Дала къинхетам бойла цунах) хаьттинера: **«Баккъалла а, цхьа нах шовкъе буьйлуш, техкаш а ма хуьлу?»** Цо жоп делира: **«Іадбита уьш Веза-Сийлахьчу Делаца самукъадала, баккъалла а, уьш некъ баро кІадбина, къахьегаро шайн дегнаш этІийна, гІора эшна гІелбелла нах бу. Шайгарчу хьолана дарба дарна билла бехк бац царна, цара Іаьвшинарг ахь Іаьвшина делахьара, царна бехк буьллур бацара ахь цара мохь хьекхарна, шайн бедарш этІорна а».**

Имам волчу Джунайда (Дала къинхетам бойла цунах) хьахийначух терра, воккхачу Іеламстага Ибн Камал-Пашас, шега хьаттича, жоп делла:

**Къа дац хьуна шовкъ ярехь, и баккъалла делахь,**
**Я дІасатехкарехь къа дац, и даггара делахь,**
**ТІаккха хьо хьалагІоттий цхьана кога тІехь лела,**
**Ткъа Деле кхойкхуш верг коьрта тІехь лела мегар ду.**

И вай хьехийнчу хьелашкахь АллахІ хьехо, ладогІа а бакъо АллахІ вевзаш, шайн ерриг хан дика Іамалш еш, АллахІна тІебоьдучу новкъахь болуш, вуочу хьелех шайн догІмаш лардан хьуьнар долчарна ю. Цара АллахІ воцчуьнга ла ца дугІу, Цуьнга бен шовкъе ца хуьлу, шаьш АллахІ хьахийча боьлху уьш; шаьш Цунна шукра дича, цуьнан лар юьсу царна тІехь; шайна Иза везар хааделча маьхьарий олу цара; шаьш Иза хьехош Цуьнца бисича садоІу цара, Цунна гергайолчу меттехь шаьш дежачу хенахь кхерста уьш, царна тІехь шовкъ толарна, Цуьнан лааман хьостанех цара хи маларна а. Царах ву, шех хІайбаталлийн баланаш хьаьрчинарг, тІаккха ша охьавужуш, лала а лелаш; царах ву, шена тІе къинхетаман нур кхеттарг, тІаккха меттахволуш, хазлуш; царах ву, АллахІан гергара безам шена тІебоьссинарг, тІаккха ша вехаш,

кхетамах а волуш. ХІара ду-кх жоп даларехь суна дагадеанарг, нийсаниг хууш верг АллахІ ву.

Иштта цаьрга ладегІарца АллахІ вовзар, дерриге хІума кхобуш верг Иза вуй хаар а хуьлу, Цуьнан сийлаллийн куц хІотторца, кІорггерчу хьехаме ладогІарца, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) Иза хастор девзича а бен хуьлуш доцу.

Иштта царна тІаьхьаваьзна, церан маларан чам баьккхина, массо хІума хууш волу Паччахь (АллахІ) везаран шовкъ, марзо а шена карийначунна дуьхьал къамел дойла яц вайн. Зуькар дечу хенахь меттахвийлар мегаш хиларан делилех лаьцна къамел тІаьхьадогІур ду, къаьсттинчу декъехь, Дала мукъалахь.

**10. Доктор Абу аль-Вафá ат-Тафтáзáний**

Лераме волчу доктора Абу аль-Вафá ат-Тафтазанис шен «Исламан тасаввуф дІадолор» цІе йолчу жайнахь боху: «Тасаввуф – иза дуьненан хиламех вадар дац, и ца дезаш болчара ма-аллара; баккъалла а, иза адамаш керлачу синан мехаллашка кхача гІортар ду, дуьненан дахарехь царна дуьхьалкхеташ йолчу халонашна, баланашна а тІехь толам баккха церан аьтто беш, церан синошна паргІато а луш йолчу. Исламан тасаввуфехь нийса баххаш ду, бусалба юкъаралла керлачу кхиамашка юьгуш долу. Оцу баххех ду, тасаввуфо адамана шен гІалаташ нисдархьама, шен дегІ сийдолчу гІиллакхех дузархьама, шен дахарехь нийса амал лацархьама даима шен дегІана хьесап дарна тІехь гІодеш хилар. ТІаккха и адам шен дегІан лаамашна тІаьхьадаьзна, ша кхоьллина волу АллахІ, Цо ша кхолларан бахьана а диццдина, доза доцчу дакъазлонца хІаллак ца хуьлу. Тасаввуфо хІокху дахарх чаккхе йоцу гІирс бо, цуьнца адам шен дегІан, синан а лаамех кхоччуш паргІатдоккхуш болу».

**Хьалха дІабаханчу Іеламнаха тасаввуфах лаьцна аьлларг**

Шаьш хьега ма-деззара къахьоьгуш, шайн Іалашонаш, нийіаташ а даггара долуш, шайн динехь нийса Іилма даржорехь сутара болуш, динехь доцуш керла юкъадаьхначу хІуманашна, туьйранашна, тиларна, нийсачу новкъара бовларна а гена болуш, Къуръанах, суннатах а тасабелла болуш бакъболчу Іеламнехан Іилманан кІорге кхаьчначунна, церан дахарна, Іамалшна, ойланашна а тІаьхьаваьзначунна уьш цхьана Іалашонна тІехь карабо, церан некъаш тайп-тайпана делахь а. Цунна цаьргахь башхаллаш ца го, бакъду, цара вовшийн хьокъехь аьллачу дешнашкахь нийсо, бакъонна тІехь сацар а го. Амма цаьргара Іилма схьаэцнарш, къаьсттина, хан-зама дІаяларца, Іилма Іаморца а царна генабевлларш, цара беанчу некъан цхьадолчуьнгахь царна дуьхьало йинарш – цаьргахь кхачамбацарш, барт изгІар, нийсачу новкъана

генабовлар, бекъабалар, башх-башха кхетамаш хилар а карадо, тасаввуфан коьртачу Іалашонах дІахаьдда я цунна бІостнехьа долу, и бахьанехь лаьтта тІехь бохамаш алсамбовлу.

ХІара къамел дерзош ала лаьа, баккъалла а, хьалха дІабаханчу Іеламнахах цхьанггара а вайна хезна дац тасаввуф охІланан хьокъехь реза боцу дешнаш, церан новкъара дІаваьлла я царах къаьстина волчун хьокъехь бен, ткъа и саннарш тасаввуфан охІлано бакъ ца бо. Цунах терра, вайна ца хезна тасаввуфан охІлано хьалха дІабаханчу Іеламнехан хьокъехь реза боцуш къамелаш дар, уьш шайн тІарикъатана мел гена хиллехь а.

Хьалха дІабахана болу Іеламнах Къуръано, суннато бохург дуьйцуш хиларх терра, тасаввуфан охІла хилла Къуръанна, суннатна а тІетевжаш, тІаккха царна юккъехь башхалла я къийсамаш муха хир бара?!

ХІара къамел чІагІдо сийдолчу Маккара шайхо Іабдул-Хьафи́за шен «Хьалха дІабаханчу имамаша тасаввуфах лаьцна аьлларг» цІе йолчу жайнахь яздинчо: «Баккъалла а, хьалха дІабаханчу имамашна, царна хьехначарна а гергахь тасаввуфан охІла бусалба нехан тоба ю, хьадисан, фикъхІан, тавхьи́дан, динан историн а Іилма девзачу Іеламнехан, АллахІан некъахь къахьоьгуш болчеран а тобанаш санна. Царна юккъехь – нисвелларг, галваьлларг, диканиг, вуониг, баккъалла лелаш верг, тера лелаш верг а ву. Бакъду, царах цхьаннан цІе йоккхучу хенахь, цунах лууш верг диканиг, нисвелларг, бакъверг а ву. Масала, хьадисаш дийцинарш вай хьахийча, массарна гергахь царах лууш берш хьадисаш дийцина болу дика Іеламнах бу, бусалба умматна Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) хьадисаш лардина, уьш гулдеш къахьегна, уьш вайга схьакхачийна, АллахІ реза волчу новкъахь уьш даржийна болу: Буха́ри, Муслим, Тирмизи, ибн Хьажар аль-Іаскъала́ний, ас-Суйу́тІий, аль-КандахІлавий а санна болу имамаш (Дела реза хуьлда царна), уьш боцурш а.

Хьадисаш дийцинарш хьахийча, шаьш Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) хьадисаш дийцинчу сийдолчу Іеламнахах ду бохуш аьшпаш буттуш, цунна тІехь шайгара харцо кхуллуш берш дага ца богІу цхьанненна. Иштта болчеран харцо, цара беш болу бохамаш а массо заманахь билгалбина нийсо еш, хІума девзаш а болчу имамаша, массарна хууш ма-хиллара.

Иштта хьал ду бусалба нехан тобанах болчу фикъхІ, тавхьид, АллахІан некъахь къахьоьгуш, динан истори евзаш болчу Іеламнахехь дерг, цунах терра дуста деза тасаввуфан хьал а.

Суфий аьлла цІе йоккхучу хенахь, цхьа а шеко йоцуш, цунах лууш берш: Іия́дан кІант Фудайл, МаІру́фуль-Кархий, Абу́ Сулайман ад-Да́ра́ний, Бишр аль-Хьа́фий, Іабдул-Къо́дир Гила́ни́, Джунайд аль-БагІда́дий, уьш саннарш а

бу (Дала къинхетам бойла царах), цара схьабеанчу нийсачу новкъахь болуш, Сийлахьчу Къуръанна, Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) суннатна а тIаьхьабозуш, АллахIан леш АллахIна тIебоьдучу новкъа нисбеш, Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлда цунна), цуьнан доьзал, асхьабаш а безаш болу. ХIара ду-кх, умматан Iеламнах, АллахIан новкъахь шаьш къахьоьгуш а хилла болчу хIокху нехан бакъ дош, нийса низам, хьекъале ойла, кхоччуш йолу нийсо а. ТабиIийнаш дIабевллачул тIаьхьа адамашна алсам пайда бина цхьа а Iеламстаг я АллахIан новкъахь къахьоьгуш верг, я АллахIах кхоьруш верг карор вац хьуна, и вай дийцина сийдолу куьцаш шегахь долуш а бен».

Воккха Iеламстаг волу Ибнуль-Къаййим (Дала къинхетам бойла цунах) баккхийчу суфех хилла, имам, хьафиз а волчу ибн Ражаб аль-Хьанбалийс (Дала къинхетам бойла цунах) цуьнан дахарх лаьцна дуьйцуш, шен жайнахь ма-аллара: **«АллахIна тIебоьду некъ, тасаввуф охIланан къамел, церан весеташ, кIорге а евзаш Iеламстаг вара иза, оцу хIора Iилманна тIехь дукха къахьегна вара иза».**

Ибнуль-Къаййима (Дала къинхетам бойла цунах) яздинчу «Мадáрижус-Сáликийн» цIе йолчу жайнин шолгIачу декъехь, 307-чу агIон тIехь, тасаввуф довзийтаран хьокъехь цо аьлла дош деана: **«Дин дерриге – гIиллакх ду, гIиллакххехь хьол совваьлларг – динехь хьол совваьлла, тасаввуф иштта ду хьуна».** Каттáний бохучу Iеламстага аьлла: **«Тасаввуф – иза гIиллакх ду, ткъа гIиллаккхехь хьол совваьлларг – баккъалла, тасаввуфехь хьол совваьлла».**

Оцу жайнин кхоалгIачу декъехь, 128-чу агIон тIехь деана: «Имам ШафиIис (Дела реза хуьлда цунна) аьлла: «Суфийн охIланах накъостий бара сан, ас цара аьллачу шина хIуманах пайда эцна. Цара аьлла: **«Хан – тур ду; ахь иза ца хадаяхь, цо хьо хадор ву». «Ахь хьайн дегI бакъдолчуьнца дIалаьцна ца хилийтахь, цо хьо доьхна долчуьнца дIалоцур ву».**

Ас олу: **«Ма говза аьлла ши дош ду и шиъ, ма боккха пайда, чулацам бу цаьршингахь, шаьшшиъ аьлларг лаккхара ойла йолуш, ира кхетам болуш хиларна ма чIога тIенисвеш ду и шиъ. Цара аьллачу дешнийн мах хадош хIара тоба ШафиIис** (Дела реза хуьлийла цунна) **хастор кхачаме ду вайна».**

Имам, хьафиз а волчу аз-ЗахIабийс (Дала къинхетам бойла цунах) хьадисаш дийцинчу Iеламнахах лаьцна ша дуьйцуш дуккха суфийш хьахабо: «Вай хьахор ду «Тазкиратул-Хьуффáз» бохучу жайнин кхоалгIачу декъехь, 852-чу агIон тIехь, Ибнуль-АIрáбех лаьцна деанарг, иза дуккха жайнаш яздина Басрера суфий, имам, хьафиз, дуьне дIатесна, (ХьаьжцIийнан) хьараман шайх а волу Абу СаIи́д Ахьмад бин Мухьаммад бин Зия́д бин Бишр бин ДирхIам

ву, иза тешаме, доьналла долуш, АллахӀ вевзаш, лаккхара дарж долуш, чӀогӀа сий долуш, гӀараваьлла Ӏеламстаг вара». Иштта цо 961-чу агӀон тӀехь ГӀундар хьахаво, ткъа иза – суфий, хьадисаш гулдеш верг а хилла. Джунайд, цуьнан могӀарехь болу Ӏеламнах а гина цунна, Мисарахь ваьхна иза, хьадисаш а яздина цо. Цул тӀаьхьа 1070-чу агӀон тӀехь аль-Ма́ли́ний хьахаво цо, иза суфий, хьафиз, дуьне дӀатесна Ӏеламстаг а хилла. Цуьнан цӀе Абу СаӀд Ахьмад бин Мухьаммад бин Ахьмад бин ӀабдуллахӀ бин Хьафс аль-Ансарий аль-ХӀаравий аль-Ма́ли́ний ю. Иза иштта ТӀа́вус аль-Фукъараъ бохучу цӀарца вевзаш ву. Цо даккхийчу жайнех дуккха хӀума гулдина, Ӏама а дина, иза тешаме, ша дийриг лерина деш, дуккха хьадисаш дийцинчу баккхийчу суфех вара.

Оцу жайнин 1092-чу агӀон тӀехь Абу НуӀайм хьахаво цо, иза суфий, воккха хьафиз, шен заманан хьадис Ӏилман хьалхе йолуш Ӏеламстаг а волу Ахьмад бин ӀабдуллахӀ бин Ахьмад бин Исхьакъ бин Муса бин МахӀран аль-МахӀра́ний аль-АсбахӀа́ний ву. Оцу жайнин 4-чу декъан чаккхенгахь, – иза «Тазкиратул-Хьуффа́з» бохучу жайнин тӀаьххьара дакъа ду, – цо далийна: «Со тӀелийлира шайх, имам, хьадисаш дийцина, бусалба нахана пайда бина а волчу Абу аль-Хьасан Ӏалий бин МасӀуд бин Нафи́с аль-Му́силий цӀе йолчу Ӏеламстагана, ас цуьнгара дуккха пайда ийцира, иза – дин хаза долуш, къинойх ларлуш волуш а дика суфий вара».

Ӏилма лоьхуш болчарна пайда бина, хьадисаш дийцина, шен болх лерина беш, Ӏарбийн меттан говзанча, суфий а вара имам аль-Армавий, цул тӀаьхьа аль-Къара́фий – Абу Бакран кӀант Софийййуддийн Махьмуд. Ас цуьнгара дуккха пайда ийцира.

Иштта, имам, хьадисаш дийцина, ша саннарг кхин воцу, дин девзаш, Исламан дозалла, динан дог, суфийн шайх аьлла шех цӀе йоккхуш волчу ИбрахӀим бин Мухьаммад бин аль-Муаййад бин ХьамавайхӀи аль-Хурасаний аль-Джувайнегара дуккха пайда ийцира ас.

Баккъалла а, суна зиэделла, имам, хьафиз а волчу аз-ЗахӀабийн (Дала къинхетам бойла цунах) санна кхиболчу Ӏеламнехан а дуккха суфийн шайхаш хилар, бакъду, цо ша цаьргара пайда ийцира аьлла цхьа а хьахийна вац, иза дин хаза долуш, къинойх ларлуш а дика суфий вара аьлла цуьнан куц хӀоттош а бен».

Иштта Хьанбалийн мазхӀабехь волчу хьафиз ибн Ражаба, Хьанбалийн мазхӀабехь болу Ӏеламнах буьйцучу шен жайнахь, царах дукхах берш тасаввуфан охӀланах бара олий хьахабо. Баккъалла а, оцу жайнин шолгӀачу декъехь, 329-чу агӀон тӀехь, Абу Исхьа́къ ИбрахӀим бин Ӏалий бин Ахьмад бин Фадл аль-Ва́ситӀий ас-Со́лихьий хьахаво цо, иза фикъхӀан Ӏилма девзаш, дуьне дӀатесна, дукха Ӏибадат деш, Исламан шайх, Шеман беркат, цу заманан

тхьамда, АллахIах кхоьруш а Iеламстаг вара аьлла. Иштта оцу жайнин 353-чу агIон тIехь Мухьаммад бин IабдуллахI бин Iумар бин Аби аль-Къасим аль-БагIдадий хьахаво цо, иза хьадисаш дуьйцуш суфий вара аьлла. Цунах терра ду Абу ЯIлас Ахьмад бин Хьанбалан мутаIеламаш хьахабар, царах цхьаберш тасаввуфан охIланах бу аьлла хастийна цо.

Имам, хьафиз, къеда а волчу Абу ЯIлан кIанта Абу аль-Хьусайна Хьанбалийн мазхIабан Iеламнах буьйцучу жайнин хьалхарчу декъехь, 36-чу агIон тIехь суфий волу Абу IабдуллахI Ахьмад бин аль-Хьасан бин Iабдул-Джаббар бин Ра́шид хьахаво, Iалий бин ДжаIд, Абу Наср ат-Тамма́р, Яхья бин МаIийн, уьш санна болчу Iеламнахана а хьалха охьахийшина, Ахьмад бин Хьанбалегара дуккха хIуманаш дийцина а волу.

Хьадис, фикъхI девзачу Iеламнехан жайнашкара вай схьадалийначу масалшца вайна билгалдолу, суфий бохучу дашах лууш дерг – иза, шех суфий аьлла цIеяьккхинарг, АллахIах кхерарехь лаккхарчу дарже кхаьчнарг хилар. Имам ЗахIабийс (Дала къинхетам бойла цунах), Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) хьадисаш нийса дийцарехь шайн хьукманаш уммато къобалдеш, и санна болчу баккхийчу имамаша а бусалба динан низамехь хьадис, фикъхI а дуьйцучу зIенна юкъабало хьакъ боцурш юкъабалийна хилар тарлуш ма дац, цхьаболчу наха шайна цахуург дуьйцуш ма-хиллара, шаьш олуш: «Вай церан суфий аьлла цIе хIунда йоккху, Веза-Сийлахьчу АллахIа бохуш хилча: **«Цо** (АллахIа) **шун цIе яьккхина бусалбанаш аьлла хьалха а, хIокху** (Къуръана) **чохь а».** Вай бийцина баккхий имамаш хIокху аятан маьIнах ца кхеташ, цуьнца Iамал ца еш, оцу аятан ойла ца еш хилла те?! Баккъалла а, царна хууш, билггала девзаш а хилла, суфий боху дош сийлахьчу аятана дуьхьал догIуш ца хилар, имам ШатIибийс (Дала къинхетам бойла цунах) шен «Аль-ИIтисам» цIе йолчу жайнахь суфий аьлла цIе тилларан бахьана, и гучудала доладалар а, иза бусалба динан берриге баххаш (Iибадат дар, АллахIан новкъахь гIазот дар, бакъ дош дIакхайкхадар) шайна тIеэцна болчу нехан куц хилар а лакхахь билгалдина ма-хиллара. Шаьш салафий (фундаменталисташ) бу бохучу наха шайн коьрта бух лоруш волчу Ибн Таймийяс (Дала къинхетам бойла цунах) шен «Фата́ва́» цIе йолчу жайнахь суфийх лаьцна дина къамел, уьш Къуръанах, суннатах а тасабелла нах бу аьлла, хьалха дешна вай. Цо оцу жайнахь къаьсттина дакъа дина, цу чохь царах, церан салафийх, царал тIаьхьа хиллачарах, царал хьалха хиллачарах, церан шайхийн дукхаллех, церан цхьадолчу дешнех, Iамалех а лаьцна дуьйцуш; цо церан куц хIоттийна, уьш шайн заманахь уггар бакълуьйш нах бара, аьлла. Цуьнан мутаIелам волчу Ибнуль-Къаййима (Дала къинхетам бойла цунах) жайна яздина, тасаввуфан охIлано коьрта бух лоруш долу, цуьнан цIе «Мадарижус-

Саликийн» ю. Оцу чохь цо уьш (тасаввуфан охIла) шена чухула дехьабовла безачу башха-башха долчу даржех, хьелех, меттигех а лаьцна дийцина.

Вай иштта хьалха дешна, шаьш салафий бу бохучу наха шайн имам лоруш, цуьнан «Аль-иIтиса́м» цIе йолу жайна шайн хеташ долчу цхьадолчун коьрта бух лоруш волчу имам Ша́тIибийс (Дала къинхетам бойла цунах) хIокху шен жайнахь Исламан тасаввуфах лаьцна мехала дакъош вовшахтоьхна хилар, иза керла юкъадаьккхина хIума доцуш, динан коьрта дакъа ду аьлла чIагIдина хилар а. Цо тасаввуфан меттиг билгалйина хьекъало, дегнаша а тIеоьцучу кепара, ша олуш: **«Баккъалла а, кхетам боцчу дуккха нахана суфийн хьокъехь, цара олуш дерг, еш йолу Iамал а бахьанехь, уьш шарIо билгалдина доцчунна тIаьхьабазарехь, хIума тIелацарехь а шарIо тIедиллина доцург могуьйтуш бу моьтту. Оцу кхетам боцчу нахана хетачух, цара дуьйцучух а цIена бу уьш, хIунда аьлча цара шайн некъ дIаболош уггар хьалха юьхьарлаьцнарг Делан Элчанан** (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) **суннатна тIаьхьабазар, цунна дуьхьал долчунна генабовлар а ду».**

Иштта, фикъхI Iилманан баккхийчу Iеламнахах волуш, дукхах болчу Iеламнехан цхьабарт хиларца Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) суннат лардина волуш, динехь керла юкъадаьхначу, тIекхоьллинчу а хIуманашна дуьхьал къийсам латторца гIараваьллачу имам ас-Субкийс (Дала къинхетам бойла цунах) суфийх лаьцна дуьйцу шен «аль-IахIдуль васийкъу» бохучу жайнахь, уьш йоккхачу декъалалле, шаьш боцурш ца кхаьчначу лаккхарчу даржашка а кхаьчнарш бу, бохуш.

ТIаьххьара, хIокху духатохалур доцчу делилашка, фикъхI, усул, тафсир, хьадис а санна долчу тайп-тайпанчу Iилманашкахь Iилма лоьхуш берш шайн дешнашна тIе ца тевжича йиш йоцуш, шайн тоьшалла къобалдеш болчу баккхийчу Iеламнехан дешнашка а ладоьгIча, тасаввуф, цуьнан охIла а Къуръанах, суннатах а тасабелла болчу суннатан, жамIатан а охIланах хиларх хьекъал долуш верг шекъвуьйлуш хир вуй те?! Иза шекъвуьйлуш хир ма вац, цунна а, нийса долчу Iилманан таллам барна а юккъе дегIан лаам, бIарзвелла тешаш хилар (фанатизм) а доьлла хилча а бен.

АллахIах кхоьрийла нийсонна тIекхиа гIерташ мел волу Iеламстаг, Iилма лоьхуш верг а, хIокху тасаввуф охIланан коьрта Iалашо йовзархьама цунна там болуш ма ду тайп-тайпанчу жайнашкара вай схьадалийначу Iеламнехан дешнашка ладугIуш хилар, таллам барца шена бакъдерг девзинчул тIаьхьа бен царна тIехь хьукма дан сихо ца яр а. Бусалба стаг даима хьекъале дерг лохуш ву, шена карийначу меттехь и схьаэца декхарийла ву иза. Царна тIе я ша бахьанехь дуккха къийсамаш болчу церан цIарна тIе а кхиссарш ян оьшуш дац, Iилманан кхетам лучохь дешнийн хьокъехь болу къовсам тидаме

оьцуш бац, – тиллина цIе я цхьаьнца хоттаелла цIе хуьлийла иза. Шайх волчу Ибн Таймийяс (Дала къинхетам бойла цунах) ма-аллара, вайна оьшуш дерг – иза хIуманан бух, маьIна, оцу къоман дегатешамаш, ойланаш а йовзар ду.

**Тасаввуфна тIекхоьллина харц цIе**

ХIокху заманан цхьаболу дешна нах тасаввуфна кхиссарш еш бу, царах цхьаболчара – уьш динехь керла белхаш гучабаьхнарш я динах дIабирзинарш бу бохуш церан куц хIоттош, шайн дешнашкахь, йозанашкахь а царна дуьхьал луьра тIом латтабо.

Нийсонна тIехь болчарна хаьа, муьлххачу тобанна юккъехь мунепакъаш я шайна са лоьхуш берш, я нийсачу некъах тилларш, я вуон нах хуьлий. Амма иза делил дац, ерриге тоба харцъеш хьукма дан, хIунда аьлча хьукма дар церан Iалашоне, ма-дарра долчу маьIне а хьаьжжина хуьлу, шаьш царах бу бохуш тиллачаьрга хьаьжжина ца хуьлу.

Вай дийцинчунна тIедоьгIча вайна билгалдолу, цхьана балха тIехь бусалба динна дуьхьало еш мел долу хIума тасаввуфе, цуьнан охIлане а диллар нийса цахилар. Баккъалла а, иза шаьш тасаввуфах ду бохуш, амма цунна тIе харцо, доцург а кхуллуш болчеран тилар ду я царна Iиттарш ярхьама, церан куц, некъ эрчабаккхархьама а церан жайнашна шайгара юкъатийсина хIуманаш ду, тафсиран жайнашна юкъатийсина жуьгтийн дийцарш санна, – бакъдерг довзийтарна, оцу харц дийцаршна гена хиларна а тIехь сутара хиллачу тафсиран Iеламнаха дийцинчунца догIуш доцу. Цунах терра ду хьадисийн жайнашна юкъатийсина харц хьадисаш, хьадисан Iилма девзачу баккхийчу Iеламнаха шаьш билгалдина долу. Цундела, тасаввуф охIланна, цунна дуьхьал болчарна а юккъехь яьлла херо, шаьш тасаввуфах ду бохуш, амма цунна тIехь доцург кхуллуш болчеран харц къамелаш тасаввуф охIланан цIенчу ойланашца цара иэдар бахьанехь яьлла аьлла хета суна. Цара дерриге хIума шен-шен метте диллина хиллехьара, кхачам боллуш таллам барца уьш хьаьвсина хиллехьара, тасаввуфан охIланан хьокъехь хIара ирча къамелаш ца деш, уьш къаьсттина шайн Далла тIебирзина, АллахIна муьтIахь а хилла, шайн Iалашоне кхаьчнарш бу аьлла суфийн хьокъехь дика ойла кхоллалур яра церан.

Оха хьан тидаме дуьллу тасаввуфан охIланна тIехь кхоьллинчу харцонех цхьадерг. Iеламстага шайх Iабдул-ВаххIаб аш-ШаIранис (Дала къинхетам бойла цунах) шен «ЛатIáифул-минани вал-ахлáкъ» цIе йолчу жайнахь боху: «Веза-Сийлахьчу Дала суна динчу диканах – соьца хьагI, мостагIалла лелош болчара сан жайни юкъа шариIатехь догIуш доцу дешнаш тийсинчу хенахь суна собар далар ду. Иза – ас «Аль-бахьрул маврýд филь-мавáсийкъи валь-

ІухІу́д» цІе йолу жайна яздина, Мисарахь болчу деа мазхІабера Іеламнаха иза дика жайна хиларна тоьшалла дина, наха иза зорбане даккха сихо йина, и санна шовзткъа жайна яздинчу хенахь хилларг ду. Иза хьагІ йолчу нахана ца тайра, сан цхьаболу дагахь хІума доцу накъосташна мекарло йина, цаьргара дІалур ду аьлла жайна даьккхина, оцу жайни тІера масех тептар схьаяздира цара, оцу чохь шайн тилла дегатешамаш, бусалба нехан хилла барт бохош долу масалш, Джухьах (Іарбийн фольклоран турпалхо), мунепакъ волчу ибн ар-Ра́вандийх а лаьцна дийцарш, туьйранаш а яздира цара. Дуккха меттигашкахь жайнин могІанаш хийцира цара, и жайна хІоттийнарш шаьш долуш санна; цул тІаьхьа и тептарш схьа а эцна, базар хІуттучу дийнахь жайнаш духкучу базара дахьийтира цара. И базар – Іилма лоьхучу нехан гуллуш меттиг яра. Оцу тептаршка хьоьжучарна цу тІехь сан цІе гира. АллахІах кхоьруш воцчо и жайна ийцира, цул тІаьхьа АзхІаран Іеламнахана тІе даьхьира цо иза. Оцу балхо доккха питана дира, шарахь гергга маьждикашка, базаршка, куьйгалхойн хІусамашка а лелаш хилира нах. Суна хаа ца хууш оцу массо балха тІехь соьгахьа гІо даьккхира шайх Насрудди́н ал-Лаккъа́нис, Исламан шайх волчу аль-Хьанбалийс, шайх ШихІа́буддийн бин аль-Хьалабийс а (Дала къинхетам бойла царах). Цара со волчу ваийтира АзхІарера шайна везаш волу стаг, цо соьга иза ма-дарра дийцира, тІаккха ас сайгара жайна дахьийтира, – шена тІехь иза магош Іеламнаха яздина дешнаш долу. Уьш оцу жайне хьаьвсира, оцу хьагІ йолчу наха шайгара кхоьллинчух хІумма а ца карийра царна цу чохь».

Иза цуьнан «ЛатІа́ифул-минани валь-ахла́къ» цІе йолчу жайнин шолгІачу декъан 190-чу агІон тІехь ду. Иштта иза хьахийна историн воккхачу Іеламстага Іабдул-Хьаййи бин аль-Іима́да аль-Хьанбалийс шен «Шазара́туз-захІаб» цІе йолчу жайнин 8-чу декъехь, 374-чу агІон тІехь; цо аьлла: «Цхьана тобано хьагІ лецира цуьнца, цара оцу юкъа шариІатна дуьхьал догІу дешнаш, шайн тилла дегатешамаш, бусалба нехан хилла барт бохош долу масалш а тийсира. АллахІа уьш иэшийра, иза царал толийра. Суннатна тІаьхьавозуш, АллахІах чІогІа кхоьруш стаг а вара иза».

ХІокху вай дийцинчо вайна къеггина билгалдоккху, жайнашкахь, тасаввуф охІланера ду бохуш, амма шариІатна дуьхьал догІуш вайна гуш мел дерг, имам ШаІранийн (Дала къинхетам бойла цунах) «ТІабакъа́тул-кубра́» жайнахь деана ма-хиллара – иза оцу мунепакъ наха шайггара кхоьллинарг ду. Баккъалла а, шайх Іабдул-Къо́дир Іийсан «Хьакъа́икъу Іанит-тасаввуф» цІе йолчу жайнин 508-чу агІон тІехь деана: «Цунах терра Мухьйиддин бин Іарабий (Дала къинхетам бойла цунах) бохучу шайхана тІехь а харцо кхоьллина цара».

Имам ШаӀранис (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла: «Ибн Іарабий (Дела реза хуьлда цунна) Къуръанна, суннатна а тІаьхьавозуш вара, цо олура: «БІаьрганегІар тухучу сохьтехь шариІатан терза шен куьйга дІатеснарг – хІаллакьхилла». Цо иштта аьлла: «Цуьнан дешнаш ду бохуш, шариІатца догІуш доцу, Іеламнехан бартана дуьхьал долу дешнаш – иза цунна тІехь кхоьллина харцо ю», – Абу-ТІа́хІир аль-МагІрибийс иза соьга дийцина махиллара. Цул тІаьхьа цо суна Маккахь зорбане даьккхина «Аль-Футу́хьа́ту» цІе йолу жайна гайтира, шайхо Къунийя (Конья) бохучу шахьарахь яздинчуьнца догІуш долу; ас и жайна даццдечу хенахь со тІекхиъна, ас цунах даццдина долчух хІумма а ца гира суна оцу тІехь».

Хьанафийн мазхІабехь долчу фикъхІан уггаре йоккха энциклопеди вовшахтоьхна волчу воккхачу Іеламстага Ибн Іабидийнас (Дала къинхетам бойла цунах) хьахийна, шайх Мухьйиддин бин Іарабийн (Дала къинхетам бойла цунах) жайнашкахь шариІатна дуьхьало еш деана долчух шена хетарг – иза цунна тІекхоьллина харцо ю, аьлла. Цундела «Ад-дуррул-мухта́р» жайна яздинчо аьлла: «Бакъду, суна билгалдаьлларг, – шайхана (Дала къайле цІинйойла цуьнан) тІехь и харцо кхоьллинарш цхьаболу жуьгтий хилар ду». Баккъалла а, эла йолчу Ра́биІатул-Іадавийна (Дала къинхетам бойла цунах) тІехь харцо кхоьллина хиларна Ибн Таймийяс а (Дала къинхетам бойла цунах) мукІарло ма до, ша олуш: «Ра́биІата ХьаьжцІийнах лаьцна, иза латта тІехь шена Іибадат деш хІуьппалг ю аьлла, дийцинарг – иза АллахІах тешаш, кхоьруш а йолчу РабиІатна тІехь кхоьллина харцо ю». Иза Ибн Таймийн «Ар-раса́илу валь-маса́ил» цІе йолчу жайнин хьалхарчу декъан 80-чу агІон тІехь ду.

**Тасаввуфан дозалла** (мехалла)

Тасаввуфан дозаллах лаьцна дийца вай лууш делахь, вайна хаа деза, и дозалла деккъа тасаввуфах схьадаьлла Іаш дац, баккъалла а, иза схьадолуш ду тасаввуф шеца хоттаделла долчу дакъойх. Вай хьалха билгалдина, тасаввуф бусалба динехь керла юкъадаьлла я цунах къаьстина, я цунна тІетоьхна хІума дац аьлла. Баккъалла а, иза бусалба динан къаьстина дакъа, цуьнан мехала агІо а ю, иза – дегнаш цІандаран агІо ю, ткъа дегнаш цІандар – иза АллахІа оцу бахьаница Шен Элча (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) ваийтинчу Іалашонех мехала дакъа ду. Веза-Сийлахьчу АллахІа иза билгалдоккхуш боху: **«Иза** (АллахІ) **ву, йоза ца хуучу нахана юккъе царах волу Элча** (Мухьаммад) **вахийтинарг, цо царна Цуьнан аяташ доьшуш, церан дегнаш цІандеш, царна жайна** (Къуръан)**, хьикмат а** (суннат)

**хьоьхуш, – уьш хьалха билггалчу тилар чохь хиллехь а».** *«Аль-ДжумуІату», 2.*

Баккъалла а, Веза-Сийлахьчу АллахІа дуккха аяташкахь омра дина дог, са а цІандаран агІо ларбе аьлла; Веза-Сийлахьчу АллахІа боху: **«Ма декъалхилла и** (шен дог) **цІандинарг».** *«Аш-Шамс», 9.* Иштта АллахІа боху: **«Ма декъалхилла ша** (къинойх) **цІанвелларг»**. *«Аль-АІла», 14.*

Вукха агІор хьаьжча, тасаввуфо бусалба стаг ихьсанан дарже кхачорх терра, иза динан коьртачу баххех цхьа бух бу, Джабраил-малико Делан Элчанца (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) къамел дар дуьйцучу хьадисехь деана ма-хиллара. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) аьлла: «**Ихьсан – ахьа АллахІна Іибадат дар ду, хьайна Иза гуш волуш санна; хьуна Иза гуш цахиларх, Цунна хьо гуш ву»**. Иштта хьал хилча, вайна хии, АллахІа адаме цуьнан дегІана къаьсттина белхаш тІебахкарца омра дина хилар, уьш шина декъе бекъалуш хилар а: хьалхара дакъа – цо гуччохь еш йолчу Іамалех хоттаделла ду; шолгІа дакъа – цо къайлаха еш йолчу Іамалех хоттаделла ду. Кхечу кепара аьлча: дегІан гуш йолчу меженех хоттаделла хьукманаш, дегІан къайлах йолчу меженех (дог, са) хоттаделла хьукманаш а.

ДегІана тІеехкина йолу Іамалш шина декъе екъалуш ю: хІума тІедилларца дина омранаш; хІума дехкарца дина омранаш. ХІума тІедилларца дина омранаш – ламаз дар, марха кхабар саннарш ду. Ткъа хІума дехкарца дина омранаш – зина дар, хІума лачкъор хьарам дар саннарш ду.

Иштта дегнашна тІеехкина йолу Іамалш шина декъе екъалуш ю: хІума тІедилларца дина омранаш; хІума дехкарца дина омранаш. ХІума тІедилларца дина омранаш – АллахІах, Цуьнан маликех тешар, дог цІена хилар, АллахІна тІе болх буьллуш хилар, АллахІна хьаставалар, бакълуьйш хилар, собаре хилар а саннарш ду. Ткъа хІума дехкарца дина омранаш – керсталла дар, мунепакъалла лелор, хьагІ лелор хьарам дар саннарш ду.

ХІара шолгІа дакъа вай динехь шена тІетевжаш дерг ду, иза – дегнаша еш йолу Іамалш ю, хІунда аьлча Іалам кхоьллинчу АллахІна Іибадат дарехь дог цІена хилар цунна тІедоьгІна ду, Иза воцчунна и хууш доцуш. Баккъалла а, Веза-Сийлахьчу АллахІа гуш йолу Іамалш къобалхилар къайлаха дерг цІена хиларца хоьттина, хІунда аьлча къайлаха дерг доьхна хиларо гуччохь йолу Іамалш йохайо. Веза-Сийлахьчу АллахІа боху: **«Шен Далла хьалха хІотта догдохуш волчо дика Іамал йойла, шен Далла Іибадат дарехь Цуьнца цхьа а накъост ма лоцийла».** *«Аль-КахІф», 110.*

И ду Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) билгалдинарг, ша олуш: **«Баккъалла а, дегІа чохь дилхан цхьа дакъа ду, ша тоделча**

**дерриге а дегI толуш, ша телхича дерриге а дегI телхаш; баккъалла а, иза дог ду»**. *Бухари, Муслим.*

Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) и аларан бахьана – къематдийнахь цIенчу дагна бен тIетевжийла цахилар ду, Веза-Сийлахьчу АллахIа ма-аллара: **«Даьхнино, доьзало а пайда бийр боцчу** (къемат) **дийнахь, Ша цIенчу дагца АллахIна дуьхьал веанчунна бен».** *«Аш-ШуIараъ», 88-89.*

Вайн эла волчу Мухьаммад-пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) аьлла: **«Баккъалла а, АллахI шун догIмашка, шун куьцашка а хьоьжуш вац, бакъду, Иза хьоьжуш ву шун дегнашка а, шун Iамалшка а».** *Муслим.*

Вайна билгалдолу, тасаввуф – динан мехала дакъа дIалоцуш долу къаьсттина Iилма хилар; иза – къайлаха долу фикъхI ду, шех къайлаха долу Iилма олуш долу. Иза адамийн догIмийн къайлаха долчуьнца (дог, са) доьзна хьукманаш дуьйцу дакъа ду, иза иштта, Сийлахьчу Къуръано – дог цIандар, сийдолчу Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) – ихьсан аьлла, шен цIе яьккхинарг а ду. Тасаввуфо шена тIе тидам бахийтина долу хIара дакъа шариIатехь мехала, коьрта а дакъа ду, шариIат цунна тIедоьгIна а ду.

Цундела, хIокху Iилманан дуккха Iеламнаха, тасаввуф массарна тIедужуш парз лоруш ду, хIунда аьлча дог цIандар, цунна дарба лелор, шен са дегIан лаамех духатохар, иза кхиор, цуьнца дог цIандарна тIехь къахьегар, ихьсанан дарже кхачархьама Iамал яр а – массарна тIедужучу коьртачу парзех ду. Цунна тIенисвеш Къуръанан дуккха аяташ, Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) хьадисаш, Iеламнехан дешнаш а ду. Цара юьйцу даго еш йолу Iамалш: деган цIеналла, АллахIах тешар, хаза гIиллакх, бакълер, собаре хилар, АллахIна тIе болх биллар, АллахI хьайна гуш волуш санна Цунна Iибадат дар, моттаргIанаш, цабезам, хьагI, мунепакъалла а лелорна генавалар санна.

Баккъалла а, Iеламнехан цхьабарт бу, деган цамгарш, сакхташ а даккхийчу къинойх лоруш хиларна тIехь. Царна къаьсттина тоба дан деза, хIунда аьлча къайлаха йолу цамгарш кхачаме ю лен Iамалш йохо, уьш мел дукха елахь а.

Воккхачу Iеламстага ибн аль-Iабидийнас (Дала къинхетам бойла цунах) шен гIарадаьллачу жайнахь аьлла: **«Баккъалла а, деган цIеналла, шех тамаш бар, хьагI, моттаргIанаш лелор а довзар – массарна тIедужуш парз ду, кхидолу дегIан сакхташ – куралла, сутаралла, цабезам, и саннарш а довзар парз хиларх терра. Адам царах дIакъаьсташ дац, цундела шена оьшучу барамехь царах лаьцна Iамо декхарийла ду иза. Шегара сакхталла дIаяьккхар хIоранна тIедужуш парз ду. И тарлуш**

**дац, цуьнан дозанаш, бахьанаш, билгалонаш, дарбанаш а довзарца бен. Баккъалла а, вуониг девзаш воцург оцу чу вужу».**

Исламан делил шех олучу имам ГIазалис (Дала къинхетам бойла цунах), ша тасаввуфан некъ теллина, цуьнан жамIаш девзина, цуьнан стоьмех чам баьккхина а ваьллачул тIаьхьа, аьлла: **«Тасаввуфан Iилма Iамор хIоранна тIедужуш парз ду, хIунда аьлча сакхт доцуш цхьа а вац, пайхамарш** (Делера салам-маршалла хуьлда царна) **бен».**

Абу аль-Хьасан Шазалийс (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла: **«ХIокху вайн** (тасаввуфан) **Iилманан коьрта Iалашо цаевзинарг – шена хаа ца хууш, даккхий къинош летош а волуш велла».**

Оцу дешан хьокъехь Iеламстага ибн Iаллан ас-Соди́къий (Дала къинхетам бойла цунах) боху: **«Баккъалла а, Абу аль-Хьасан Шазалий ша аьллачу дашехь бакълийна, муьлха стаг ву марха кхобуш, хIай сан ваша, ша кхобучу марханах тамаш ца беш? Муьлха стаг ву ламаз деш, ша дечу ламазах тамаш ца беш? Царах терра ду кхидолу Iибадаташ а».**

ХIара некъ дуьзна доцчу синошна тIелаца хала хилча, адамаш декхарийла ду хьуьнарца, собарца, къахьегарца а цунах дехьадовла, – шен са АллахIна генадаларх, Цуьнан оьгIазлонех а хьалхадаккхархьама.

Iиядан кIанта Фудайла (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла: **«Нийса некъ схьалацалахь, оцу новкъахь берш кIезиг хиларна са ма гатделахь. Боьхначу новкъа валарх ларлолахь, хIаллакьхилларш дуккха бу аьлла Iеха ма лолахь. Хьой цхьалха хиларна хьан са мосазза гатдели, хьалха бийцинчаьрга хьажалахь, царна тIекхачарна тIехь, уьш боцчарах дIаверзарехь а сутара хилалахь, – АллахIа хьуна луш долчу Iазапах хIумма духатухур дац цара. Хьайн новкъа воьдучу хьоьга цара мохь тохахь, цаьрга дIа ма хьажалахь. Баккъалла а, хьо цаьрга дIахьажахь, цара лоцур ву хьо, вуон болх а бийр бу хьуна».**

Ибн Закрийс (Дала къинхетам бойла цунах) ша тасаввуфах лаьцна дуьйцуш аьлла:

**Цуьнца ду – лай деган цIеналле кхачар,**
**Ткъа Iибадатан дог – Iилма харжарца ду,**
**Пхийттара ваьллачунна важиб ду и хаар,**
**Ткъа цуьнга кхачар – дика Iамал ярца ду.**

Цунах лууш дерг – тасаввуфан Iилма довзар – хIора пхийттара ваьллачу бусалба стагана тIедужуш парз хилар ду. Цуьнан бахьана – дукхахьолахь, адам вуочу балхах, моттаргIанаш, хьагI лелорх а дIатуьлуш дац. ТIаккха цунна важиб ду оцу балхах ша хьалхавоккхур долу Iилма Iамор.

Вай мел дийцинчух вайна карадо, тассавуф Іилмано бусалба динан агІонех мехала агІо дІалоцуш хилар. Иза – къайлаха долчу Іилманан, дог, са цІандаран а агІо ю. Иза – ца хилча йиш йоцу агІо ю, бусалба дин, ийман а цуьнца бен кхочуш ца хуьлуш.

ЖамІ дича, вайна билгалдолу, хІара тасаввуфан Іилма цІена Іилма хилар, цуьнца Іамал яр массо бусалба стеган декхар хилар а.

## Тасаввуф шега хьашто йолуш Іилма хилар

Бусалба динан историн юьххье вай хьаьвсича, вайна карадо, тасаввуф – шега чІогІа хьашто йолуш Іилма хилар. Цо, историн йохалла, динан дог, цуьнан бух а ларбина, къаьсттина, тІемаш барца кхиболу мехкаш схьабаьхначул тІаьхьа цуьнан хьехам баржийна. Йохк-эцар лелорца я муьлххачу кхечу агІор – тасаввуфан Іеламнаха хІара дин дуьненан массо маьІІе (малхбале, малхбузе, къилба, къилбаседа) дІакхачорна тІехь болх бина. Оцу тІехь коьрта белхахой хилла уьш, оцу новкъахь чІогІа луьра халонаш лайна цара. И болх царна атта ма ца бира, шайн чІогІа ийман тІедоьгІна долчу тасаввуфо, церан нийсачу дегатешамо а, уьш АллахІан нийсачу новкъа нисбаларо а, церан чІогІачу лаамо, собаро а бен. ТІаккха цара атта лайра шайна тІеІитталуш йолу халонаш; шаьш бинчу белхан кхиаме жамІ шайна гича, уьш баккхийбера шаьш къахьегарна.

Шайна дуьхьало ян цхьаннен ницкъ ца кхаьчначу монголийн-гІезалойн эскарна дуьхьало ян, уьш бухатоха, уьш лаьхкина дІабахийта а ницкъ кхаьчна тасаввуфан Іеламнехан. Иза – тасаввуфан беркате кхайкхамаш церан паччахьийн, куьйгалхойн, эскаран баьччанийн а дегнашчу бижар бахьанехь хилла. Оцу кхайкхамаша цаьргара куцхІотталурдоцу вуон, цара гІийлачу къаьмнашкахь латтош йолу къизалла а диканца хийцира.

Тасаввуфан къонахоша еш хилла цхьайолу Іамалш вайна евза лаахь, Дамаскерчу Іарбийн Іеламнехан кхеташонан декъашхо, Индера Іеламнах шена тІетевжаш а волчу шайх Абу аль-Хьасан ан-Надавийга ладогІа деза вай. Цо шен «Индехь болу бусалба нах» цІе йолчу жайни тІехь оцу пачхьалкхерчу тасаввуфах, нахана цунах долучу беркатах лаьцна дийцина. Цо аьлла: **«Баккъалла а, хІара тасаввуфан охІла АллахІ цхьаъ варна, дог цІандарна, суннатна тІаьхьабазарна, къинойх, зуламах, дог дакъадаларх а тоба дарна тІехь нахе чІагІо йойтуш, сийдолу гІиллакхаш тІелацарехь, сийсаза дерг** (куралла, хьагІ, оьгІазло, зулам, дарж дезар а) **дитарехь, синош цІандарна, кхиорна а тІехь церан безам бохуьйтуш бара. АллахІ хьехавар, АллахІан лешна хьехам бар, шайгахь долчух тоам бар, кхиверг шел гІоле хетар а Іамадора цара нахана. Къаьсттина, шайхана**

**а, цуьнан муридашна а юккъехь йолу кIорггера уьйр гойтуш йолу хIара чIагIо яйтина ца Iаш, уьш даима нахана хьехамаш беш, церан дегнашкахь АллахI везаран марзо, Иза резаваран лаам а чIагIбеш, синош цIандарехь, хьал дикачу агIор хийцарехь а церан чIогIа безам бохуьйтуш а бара».**

Цул тIаьхьа – церан гIиллакхаша, деган цIеналло, Iилмано, кхетош-кхиоро, кхеташонан гуламо а юкъараллехь, адамийн дахарехь а йитинчу лорах лаьцна дийцира цо, оцу историн хиламна тIе серло тухуш долу цхьадолу масалш далош. ГIазот хилла волчу шайх Ахьмадах (Дала къинхетам бойла цунах) лаьцна дуьйцуш, цо элира: **«Баккъалла а, цхьанненна ца боьрзучу кепара нах тIебирзира цунна. Цхьана а шахьарна тIех ца велира иза, цуьнан карахула дуккха наха тоба деш, цунна чIагIо еш а бен. Калькутта олучу шахьарахь шина баттахь Iийра иза. Цуьнга чIагIо еш берш багарбича, – цхьана дийнахь эзар стагал кIезиг ца хуьлура, буьйса юьккъе яьххалц дIахьора чIагIо яр.**

**Адамаш дукха гулделла хиларна, хIоранга чIагIо яйта аьтто ца хуьлура, цундела ворхI я бархI чалба дIакховдайора цо. Наха уьш схьа а лоций, АллахIе гечдар а доьхуш, чIагIо йора. ХIора дийнахь 17-зза я 18-зза и болх бар Iадат дара цуьнан».**

Исламан шайхах Iалауддийнах (Дала къинхетам бойла цунах) лаьцна дуьйцуш, цо элира: **«Цуьнан заманан тIаьххьара шераш – шена чохь массо тайпана вуон белхаш, хьарам долу къаьркъа, Iесалла, зулам, шовкъе ловзарш, зинаш, и санна мел дерш а лахдаларца къаьстина дара. Уьш наггахь бен хьахош дацара. Даккхий къинош летор – керсталла дар санна кхераме хетара нахана. Гуш риба** (процент) **яккхарца белхаш бан, закат ца луш даьхни къайладаккха а эхьхета буьйлабелира нах. Базарахь пуьташ боттар, хIума юстарна, терза озарна а тIехь ямартло яр, нах Iехабар а лахделира».**

Цул тIаьхьа цо элира: **«Баккъалла а, хIара суфийш, шайхаш а кхиабар, цаьрца цхьана охьахийшар а – нахана пайда баре адамийн безам бохуьйтуш, церан гIуллакхе хьажарна, царна гIо дарна а тIехь сутара веш а дара».**

Шайх Абу аль-Хьасан ан-Надавийс (Дала къинхетам бойла цунах) шен «Роббáниййа лá рохIбáниййа» цIе йолчу жайнин 17-18-чу агIонашна тIехь хьахийна: **«Шеко яц, ихьсанан дарже, къайлах долу фикъхI довзаре а кхаьчна болу хIара цIена синош долу нах** (суфийш) **ца хиллехьара, бусалба нехан юкъараллин дегатешам боьхна хир бара, нийса боцчу, зуламечу материалистийн кхайкхамаша умматан дисина ийман, динца йолу уьйр а дIайоккхур яра. ТIаккха – бусалба нехан АллахIца йолу**

**дегнийн уьйр, шен дегIаца, юкъараллица а гIиллакх лардеш вахар а гIеллур дара, дегацIеналла, шен дегIан хьесап дар а дIадер дара, къайлаха йолу цамгарш яьржар яра, дегнаш, синош а телхар дара, царна дарба дан лор а карор вацара.**

**Нах, бIаьрзе хилла, дIадер долчу дуьненан бахамаш лоьхуш хир бара, Iилманан дай сийлалла, даьхни, дарж а къуьйсуш хир бара, царна тIехь дуьне, дозалла а дезаро толам боккхур бара. Шена тIе пайхамаралла доьгIна долчу дакъойх, – дегнаш цIандар, нах ихьсане, къайлаха долу фикъхI довзаре а кхойкхуш долу мехала дакъа дIадер дара».**

Устаз волчу ан-Надавийс (Дала къинхетам бойла цунах) цул тIаьхьа билгалдина, хIокху хьехамаша беш болчу Iаткъамо, нах дине бахкаро, уьш шарIана муьтIахь хиларо а Калькуттехь къаьркъа, и духкуш йолу базар а дIаяьккхина хилар. Иза Индийн йоккха шахьар, Ингалс-пачхьалкхан марказ (центр) а ю. И базар сацар бахьанехь церан хьешийн цIенош (гостиницы) къиэделира; къаьркъа доккхуш берш пачхьалкхан куьйгалхошна хьалха бехказбевлира, – базар дIакъовлар, духкучуьра къаьркъа сацар а бахьанехь налог яла шайн ницкъ ца кхочу аьлла.

Цул тIаьхьа цо элира: **«Баккъалла а, шаьш бахьанехь хIокху яккхийчу шахьаршкахь дуккха нах нисбаларца, цара Iесаллех, шарIо дихкинчух, дегIан лаамашна тIаьхьабазарх а тоба дарца хIьоттина долу хIара хьал хIокху дикачу нехан гIиллакхо, хьехамаш бечу суфийн Iеламнаха а, шайхаша а бинчу белхан жамI ду».**

Оцу белхан таллам баран чаккхенгахь, устаз волчу ан-Надавийс (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла: **«Баккъалла а, хIокху суфийн шайхаша къахьегар бахьанехь Индийн бIенаш шахьаршкахь даккхий IиндагIаш долу дуккха дитташ ду, новкъа лелачу къепалша, кIадбеллачу некъахоша а шайн IиндагIехь садоIуш, оцу садаIаро гIора даларца цара кхидIа шайн некъ а беш».**

Шайх Абу аль-Хьасан ан-Надавийс (Дала къинхетам бойла цунах) «Рижáлуль-фикри вад-даIвати филь-Ислам» цIе йолу жайна яздина. Суфийх, дин даржадарехь цара йитинчу лорах а лаьцна дуьйцуш, шен къамелан юьххьехь гIараваьлла суфий, воккха муршид а волу шайх Iабдул-Къодир Гилани (Дала къайле цIинйойла цуьнан) хьахош, аьлла: **«Цуьнан мажлисе 70 эзар гергга стаг вогIура, цуьнан карахула 5 эзар сов жуьгтичо, эрмалойн динехь волчо а бусалба дин тIеийцира. Иштта цуьнан карахула 100 эзар сов обарго тоба дира, цуьнан гIап тоба дечарна, чIагIо оьцучарна а даима йиллина яра, оцу гIопехула АллахI воцчуьнга багарбалур боцуш дуккха нах чакхбевлира, церан хьелаш, дин а тоделира. Уьш кхиош, церан доладеш, царна хьалхаваьлла куьйгалла**

**деш а вара шайх. Шаьш цуьнга чIагIо йина, тоба а дина, ийман карладаьккхинчул тIаьхьа, цуьнан муридаш шайна тIехь долу жоьпалла девзаш хилира. Царах дуккха болчарна, – шена гергахь ира кхетам, динехь нисвалар, муридаш кхио ницкъ болуш ву аьлла билгалваьллачунна, шайхо муридаш кхио пурба делира. Цул тIаьхьа уьш дуьненан массо агIор дIасабахара, халкъ АллахIан дине кхойкхуш, синош кхиош, АллахIца накъост лацарна, динехь керла юкъабевллачу белхашна, жехIаллина, мунепакъаллина а дуьхьал тIом латтош. Исламан мехкашкахь динан кхайкхамаш баьржира, иманан хIусамаш, ихьсанан хьуьжарш, вежараллин кхеташонаш а денъелира».**

Шайх Абу аль-Хьасан ан-Надавийс (Дала къинхетам бойла цунах) шен «Раваи́Iу икъба́л» цIе йолчу жайнахь аьлла: **«Баккъалла а, ас даима олу: «Уьш** (суфийш)**, церан къахьегар а ца хиллехьара, Индийн цивилизацино, цуьнан философис а Ислам дIахуьйдина хир дара».**

Оцу хьокъехь, иштта, устаз, шайх, Исламан вевзаш волу яздархо, сийдолчу АзхIарехь хьехархо а волчу Ахьмад аш-Ширбахьийс шен «Ну́рут-тахькъи́къ» цIе йолчу жайнин юьххьехь аьлла: «Шена чохь хьесап далур доцу дуккха даьхни, дегIана иэшам бийр боцу дарба, деган доврдоцу нур а долуш, йоккха, тамашийна а хазна ю. Ахь суна дийцахьа, и хазна муьлхачу меттехь ю, цунна тIебоьду некъ, цунна тIекхача ахь хьега деза къа, бан беза болх а хьайна цхьамма бийцича, ахь хIун дийр дара? Хьайн ницкъ ма-кхоччу дIагIоьртар вацара хьо, шена чохь дуьненан сийлалла, эхартан дозалла а долчу оцу хазнина тIекхача?! Тасаввуфан болх иштта бу хьуна, хIай сан доттагI. Баккъалла а, иза гушдоцу дарба, хьулйина хазна, Iилманан къайле а ю. Иза хьан дегIана, кхетамна, гIиллакхашна а оьшуш долу дарба ду, бакъду, хьо цунна тIекхачалур вац я ахьа цунах пайда оьцур бац, хьайн ойланашца хьо цунна дуьхьал ваххалц, хьайн бIаьргашца, хьекъалца хьо цунна тIеверззалц, цуьнга кхача, цу тIехь саца а хьо кечвеш долу хьайн карахь, дегIехь а мел дерг а, хьайн мел йолу хан а ахь цунна хьовзаяллалц. Оцунах хIумма а кхочушдиний ахь, баккъалла а, хьуна оцу ниIмате боьду некъ бовза ма бевзина?!

Суна лаьа, хьо хьайн балха тIехь хьекъал долуш, хьан дино, хьекъало а довзаре кхойкхуш долу сийдолу хIуманаш девзаш а хуьлийла. Цундела, тасаввуф ца Iамийча йиш яц хьан, – хьайна хета ойла цунах кхоллаяла, и довза, цунах кхета а, тIаккха и ма-дарра хьайна девзинчул тIаьхьа иза къобал дан я дита. Билгалдарехь ас кхин соввоккху хьо, ас хьоьга олу: «Баккъалла а, тасаввуфехь, цуьнан историхь, цуьнан Iеламнехан дахарехь а, тасаввуфах ду бохуш, харцо кхуллучара юкъатийсина хIуманаш нисло. И бахьанехь бакъдерг харцоно хьулдо, цундела бакъдерг хьулдина йолу харцонан

дуьхьало дIа а яьккхина бакъонан серлоне вала аьлла омра до хьоьга хьан дино. Ткъа иза тоьаш дац тасаввуф Iаморна тIехь хьо сутара ван?!

ХIай бусалба вежарий! Баккъалла а, тасаввуфо шун дахарехь, историехь а доккха дакъа дIалоцу, аш иза зен дайира дуккха заманахь, тоьаш ма ду шуна шайгахь хилла долу хьал, шу тIедерза тасаввуфна, цуьнгахь ма бу кхача, дарба а. Баккъалла а, АллахI ву Шен леш нийсачу новкъа нисбеш верг».

ХIара вешан таллам берзош, тасаввуф – ша Iамо, шеца догIмаш кхио а чIогIа оьшуш Iилма хилар карадо вайна, къаьсттина дегIан лаамаш, нах бусалба динах, цуьнан рукнех а, иманах, цуьнан баххех а, гIиллакхех, АллахIна тIевуьгучу некъах, цуьнан Iилманах а генабохуш долу хIуманаш шена чохь даьржинчу хIокху заманахь.

Кхидолчу хIуманал вайна гIоле ма ду, Iилма девзаш, нах кхетош-кхиош а болчу Iеламнахе дерзар, цаьрца цхьана охьахийшар, цаьрца кхиар, цаьргара гIиллакх, Iилма Iамор а, церан новкъа довлар а, – дуьненахь, эхартахь а декъалхилархьама.

Цул тIаьхьа, вай цаьргара Iамийнарг дIадахьа, иза нахе дIакхайкхо а деза вай, ерриге шахьаршкахь и даржийта, АллахIан лешна дика болх хилийта, вайна безарш тоьлла хилийта а, АллахI вайна реза а волуш ваьш Цунна дуьхьалкхетталц. Веза-Сийлахьчу АллахIа боху: **«АллахI реза хилла царна** (уьш Шена муьтIахь хиларна)**, уьш а реза хилла Цунна** (Цо шайна бинчу бекхамна)**».** *«Аль-Маидат», 119.*

## Тасаввуфан некъ

Тасаввуфан некъ – иза Исламан некъ бу. Къуръанна, суннатна а, хьалхабаханчу дикачу нахана тIаьхьавазаран некъ а бу иза, – адамийн синош кхиош, уьш сакхтех цIандеш, адамаш дог цIандаре, ихьсане, АллахI а, Цуьнан Элча а (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) везаре, АллахIах кхераре, Цунна хьастадаларе, кхечунна тIе ца буьллуш, Цунна тIе болх билларе, кхиверг шел гIоле хетаре, вовшашна гIо даре, дегацIеналле, бакълере, собаре хиларе, динехь нисдаларе а кхачош болу.

Цо адамийн синошна дарба до, куралла, бIаьрмецигалла, ша-шех тамаш бар, хьагI, моттаргIанаш, цабезам, аьшпаш боттар, оьгIазло, мостагIалла, дуьнене сатийсар, сутаралла, дозалла, нахах цавашар, ямартло, мекарло, Iехавар, зулам дар, къизалла, уьш санна йолу цамгарш дIа а йоху.

И дарба дарехь тасаввуф хIокху белхашна тIетевжаш ду: тоба дарна, гечдар дехарна, ша мел дечу хIуманехь АллахIна ша гуш вуй хаарна, АллахIах, Цуьнан Iазапах а кхерарна, АллахI дукха хьехорна, Цунна тасбихь дарна, парзаш лардарна, буса деш долу тахIажжуд ламаз санна йолу суннат Iамалш

дукха ярна, кхийолу дегIана гIиллакх Iаморан, са кхиоран а Iамалш ярна. Тасаввуфан низамехь долу хIара дерриге Iамалан дакъош, хIорш доцурш а – уьш дерриге – бусалба динан мехала дакъа ду, ша сица доьзнарг, къайлаха долу фикъхI, иййман чIагIдар, динан рукнех цхьа рукна йолу ихьсан а чулоцуш долу.

Шайх Мухьаммад-Ами́н аль-Курдис (Дала къинхетам бойла цунах), тасаввуфан низам хьоьхуш, аьлла: **«Тасаввуф – иза дегIан сийлахь, сийсаза а долу хьелаш довзуьйту Iилма ду, – иза сийсазчух цIандаран, сийдолчуьнца дузаран, цунна АллахIна герга вуьгу некъ а хьоьхуш долу».**

**Тасаввуфан Iилма девзар доцуш Iилма ду,**
**Хьекъал долуш, бакъо евзаш волчу стагана а бен,**
**И Iилма ца девза цуьнга хьаьжна воцчунна,**
**Маьлхан зIаьнарш муха гур ю ша бIаьрзе волчунна.**

Цуьнан Iалашо – дегнийн, догIмийн Iамалш цIаньяр, тояр а ду.

Цуьнан стом (пайда) – дегнаш кхиор, ерриге къайле хууш волу АллахI вовзар, эхартан Iазапах хьалхавалар, АллахI шена реза хиларца декъалхилар, даима долчу ирсе кхачар, сийлахь белхаш, тамашийна хьелаш, кхечунна ца гуш дерг гайтарца дог нуьре дар а ду.

Цуьнан дозалла, Iилманашна юьккъехь уггаре дезаниг – АллахI вовзар, везар а дуьйцу Iилма ду иза, ткъа тасаввуфан Iилма оцу Iилманех уггаре сийлахь дерг ду.

Кхидолчу Iилманашка хьаьжча, тасаввуф оцу Iилманийн бух, бехкам а бу, хIунда аьлча цхьа а Iилма, Iамал а кхочуш ца хуьлу, АллахIна тIеверзаран ниййат шегахь дацахь. Ткъа кхечу Iилманашна тасаввуф хьашт хилар, – дегIана са дезарх терра ду. Баккъалла а, цуьнан низамна тIаьхьабозуш бара сийдолу асхьабаш, табиIи́наш, табиIи́нашна тIаьхьабабаьзнарш, хьалха дIабахана дика нах, шайн Iилманца Iамал еш болу Iеламнах а. Хан-зама дIаяхарца цунна инкарло ма ца йина, жехIил волчо я хьагI лаьцначо, я цабезам, я мунепакъ волчо, я шен дегIан лаамашна, я дуьненан бахамашна тIаьхьаваьллачо а бен.

Вайна гIоле ма дара тасаввуфан некъана тIаьхьадазар, иза Iамор, лардар, иза вешан дахарехь лелор, цуьнга нах кхайкхар а. Ма чIогIа оьшуш ду-кх вайна иза, къаьсттина, хIокху заманахь.

ХIокху некъана тIаьхьаваза тасаввуфан некъ юьхьарлаьцна, цуьнан маьIна девзина, цуьнгахь бакълийна, нах нисбеш, кхиош, АллахIна тIе нисбеш, Iилма хьоьхуш а волчу шайхана тIаьхьа ца ваьзча йиш яц, хIара некъ

схьалаца лууш верг цуьнан ма-дарра долчу маьIнех кхето, цуьнан Iалашоне кхачо а ницкъ болуш. Иза – вовза ма-везза АллахI вовзар, Иза резаван Iамал яр, Цунна муьтIахь хиларна тIехь къахьегар, Цуьнан низамехь дIавахар а ду, Иза реза а волуш ша Цунна дуьхьалкхетталц (ша валлалц), оцу балхаца дуьненан, эхартан а ирсе кхочуш. Иштта, хIокху низамехь дIаваха тасаввуфан охIланца гергарло лелор, цаьрца дерг даггара хилар а оьшу, цаьргара Iилма Iамо, пайдаэца а.

## Тасаввуфан баккхий Iеламнах

Тасаввуфан, багарбалур боцуш, дуккха баккхий Iеламнах бу, уьш Iилманан, Iеламнехан а байракхаш, дозаллин, дикадаран, АллахIах кхераран, тешаран, АллахI дукха хьехоран, вовзаран, дикачу нехан тхьамданаш, АллахIан гергара нах а бу, массо заманахь, массо меттигашкахь а шаьш хилла болу. Царах цхьаберш хьахор бу вай.

1. **Хьасан аль-Басрий** (Дала къинхетам бойла цунах)

Иза Абу СаIи́д Хьасан бин Абу аль-Хьасан Яссар аль-Басрий ву, табиIи́нийн тхьамда, царах воккханиг, даржехь лекханиг а волу. Iумар асхьабан (Дела реза хуьлда цунна) паччахьаллин ши шо дисинчу хенахь дуьнен чу ваьлла иза, Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) асхьабех 120 стаг гина цунна. Иза кхелхина хIижрин 110-чу шеран раджаб баттахь, шен 89 шо долуш.

Историн Iеламнаха аьлла: «Хьасан аль-Басрий (Дала къинхетам бойла цунах) баккхийчу табиIи́нех вара, Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) дуккха асхьабаш бевзина цунна. Цуьнан къамел пайхамарийн къамелах тера хилла, даима гIайгIане волуш стаг хилла иза. Цуьнан да – аль-Ансарий волчу Са́битан кIентан Зайдан (Дела реза хуьлда цунна) гIуллакххо хилла, цуьнан нана Хойрат – Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) хIусамненан Умму Саламатан (Дела реза хуьлда цунна) гIуллакххо хилла. Шен нана цIахь йоцуш хIара вилхича, Умму Саламата (Дела реза хуьлда цунна) и цIа яллалц вакхош хилла иза, цундела вакхоран агIонгхьара Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) цIийнан охIланах лоруш ву иза.

Тасаввуфан охIлано шайн силсилан (зIе схьаяран) коьртехь лоруш ву иза, цара олу: **«Баккъалла а, Хьасана хIара тIарикъат Абу ТIа́либан кIантера Iелегара** (Дела реза хуьлда цунна) **схьаэцна** (тIарикъатан бакъо схьаоьцуш цуьнца цхьаьна луш йолу оба а тIеюйхира)**, ткъа Iелас – Делан Элчанера** (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) **схьаэцна иза».**

Іубайдан кІанта Юнуса аьлла: **«Хьасанал чІогІа гІайгІане стаг гина вац суна цкъа а. Ша цхьанна дуьхьалкхетачу хенахь, шен нана дІайоьллина вогІуш санна; ша охьахиъча, вен кечвина йийсархо санна; ша къамел дечу хенахь жоьжахати шена цхьанна бен кхоьллина йоцуш санна хуьлура иза».**

**Хьасана аль-Басрийс** (Дала къинхетам бойла цунах) **аьллачух:**

– Хьо ма вела, баккъалла а, хьуна ца хаьа, вайн цхьайолчу Іамалшка а хьаьжна, АллахІа аьлла хила тарло: **«Шуьгара цхьа а Іамал къобалйийр яц Ас».**

– Са дуьнен чуьра дІадер ма дац, кхаа хІуманна иза гІайгІане долуш а бен: ша гулдинчух ца дузарна; хьанал дерг ца лахарна; шена тІе дан дезачунна (эхартана) дика кхача ца кечбарна а;

– Ма вуон ши накъост ву-кх дуьне, ахча а, цаьршимма хьуна пайда бийр бац, шаьшшиъ хьох дІакъастталц;

– Хьайн вежаршна хьоме волчуьра дІавер вац хьо, цаьргара цхьана хІумане хьо хьашт хиллалц. Хьо цаьргарчу хІумане хьашт хилча, царна хьан къамел дазло, хьо атта а хета;

– Нахана хьехам бе ахь хьайн леларца, – хьайн дешнашца доцуш;

– Дуьненан бахаман хьокъехь стаг къийсалуш гича, цуьнца эхартан хьокъехь къовсало хьо.

2. **АдхІаман кІант ИбрахІим** (Дала къинхетам бойла цунах)

Иза Абу Исхьакъ ИбрахІим бин АдхІам бин Мансур ву, паччахьийн тІаьхьенах хилла волу. Цхьана дийнахь талла вахча, цхьогалан я пхьагалан лорах вахара иза, тІаккха цуьнга кхайкхар деара: **«ХІай ИбрахІим, хІокху балхана кхоьллина ву хьо я хІара болх бе аьлла омра дина хьоьга?»** Цул тІаьхьа юха а кхайкхар деара цуьнга: **«ХІокху балхана кхоьллина вац хьо я хІара болх бе аьлла омра дина дац хьоьга».** Шен говра тІера охьа а воьссина, шен ден жаІуьнна тІевахара иза, цуьнгара схьа а эцна цуьнан тІергІан оба шена тІеюьйхира цо, шен говр, шегахь мел долу хІума а цунна дІаделира цо. Цул тІаьхьа аренга дІавахара иза, цул тІаьхьа сийдолчу Макка вахара иза. Цигахь Суфъян ас-Саврийна, Фудайл бин Іиядна а тІаьхьавезира иза. Цул тІаьхьа, хьанал дерг лоьхуш, Шема вахара иза, цигахь хІижрин 161-чу шарахь ша дІакхалххалц, АллахІан новкъахь къахьоьгуш вехира иза.

Хьузайфата аль-МарІашийс аьлла: «Шакъи́къ аль-Балхий Макка веара, АдхІаман кІант ИбрахІим Маккахь а волуш; наха и шиъ цхьанатоха веза элира. Цара и шиъ Хьараман маьждигехь цхьанатуьйхира, АдхІаман кІанта ИбрахІима Шакъи́къе хаьттира: **«ХІай Шакъи́къ, шайн баххаш мича хІуманна тІебоьгІна бу аша?»** Шакъи́къа жоп делира: **«Оха тхайн баххаш**

**тIебоьгIнарг: тхайна елча юу оха, тхайна ца елча собаре хуьлу тхо».** АдхIаман кIанта ИбрахIима элира: **«Балхера жIаьлеш ду-кх иштта, шайна елча юуш, ца елча собаре хуьлуш».** Шакъи́къа хаьттира: **«Аша шайн баххаш мича хIуманна тIебоьгIна бу, хIай Абу Исхьакъ?»** Цо жоп делира: **«Оха тхайн баххаш тIебоьгIнарг: тхайна елча кхечуьнца йоькъу оха** (сагIина ло оха); **тхайна ца елча, АллахIна хастам, шукра а до оха».** Шакъи́къ, хьала а гIеттина, цунна хьалха охьахиира, цо элира: **«ХIай Абу Исхьакъ, хьо ву-кх тхан устаз».**

АдхIаман кIант ИбрахIим (Дала къинхетам бойла цунах) кемсаш ларъеш вара. ТIехволучу тIемалочо цуьнга элира: **«ХIокхарех кемсаш лохьа тхуна».** Цо элира: **«ХIара кемсаш йолчо ло аьлла омра дина дац соьга».** И тIемало цунна шед етта вуьйлира. Шен корта охьа а таIийна, ИбрахIима элира: **«Тоха ахь, хийлазза АллахIна Iеса хиллачу коьртана».** ТIаккха и тIемало цунна етта ницкъ ца кхаьчна, дIавахара.

**АдхIаман кIанта ИбрахIима** (Дала къинхетам бойла цунах) **аьллачух:**

– Ша лоьхуш дерг девзинчунна ша дIалуш дерг кIезиг хета; шен бIаьргийн дола ца динчун дохковалар дукха хуьлу; шен догдахар дукха долчун Iамал вуон хуьлу; шен меттан дола ца динчо шен дегI дийна;

– Нах битий, АллахI накъост лаца хьайна;

– СадаIа лууш волчо шен дагчуьра дуьне дIадоккхийла, ша садаIархьама;

– Доьхна долчуьнга дукха хьежаро дагчуьра бакъдерг довзар дIадоккху;

– ГIаравалар дезаш волу лай кхоччуш АллахIах тешна вац.

3. **Мухьаммадан кIант Джунайд** (Дала къинхетам бойла цунах)

Иза Абу аль-Къа́сим Джунайд бин Мухьаммад бин Джунайд аль-Хazза́р ву, цунах аль-Къава́ри́рий олуш хилла, цуьнан да ангали духкуш волу дела. Иза НахIа́вандера схьаваьлла, БагIдадехь кхиъна а ву.

Иза вара тIарикъатан балхехь йоккхачу тобано чIогIа къобалвеш, церан тхьамда, имам а. Абу Совран мазхIабан фикъхIан Iеламстаг вара иза, шен 20 шо долчу хенахь дуьйна муфти́ а волуш. Гуччохь, къайлаха а долу Iилма довзарна, цунах Iеламнехан тIаус олуш хилла. Цундела тасаввуфан Iеламнахах нехан дегнаша, хьекъалша а массарел чIогIа къобалвеш стаг хилла иза.

ШариIатан гуччохь долчунна тIаьхьаваза везаш хилар чIагIдора цо, ша олуш: **«ХIара вайн мазхIаб Къуръанах, суннатах а доьзна ду».** Цуьнан говза, кIорге чулацам болу дешнаш а дуккха ду, Абу НуIайма (Дала къинхетам бойла цунах) шен «Хьильятуль-авлия́и» бохучу жайнахь дийцина царах лаьцна.

Джунайд аль-БагIдадий (Дала къинхетам бойла цунах) хIижрин 297-чу (910-гIа) шарахь дIакхелхина, БагIдадера аш-Шу́ни́зиййа бохучу кешнашкахь шен ненавешина уллохь дIавоьллина иза.

**Цуьнан хьекъалечу дешнех цхьадерш хьахор ду вай:**

– Тасаввуф (тIарикъат) – аьллера-бохура бохучух схьаэцна дац вай, бакъду, мацалла ларца, дуьне дитарца, дегIан лаамех дIахадарца, дуьненан хазаллех дIаверзарца а схьаэцна ду хIара;

– Дерриге некъаш бусалба нахана дихкина ду, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) бина некъ боцург;

– Баккъалла волу бусалба стаг эзарза эзар (миллион) шарахь Iибадат дарца АллахIна тIе вирзича, цул тIаьхьа бIаьрган негIар тухучу хенахь Цунах дIавирзича, цунах дIатилларг цуьнга кхаьчначул доккха хир ма дара;

– Сийдолу Къуръан, хьадис а Iамийна воцчунна хIокху вайн (тIарикъатан) балхехь тIаьхьавозур вац, хIунда аьлча хIара вайн болх Къуръанах, суннатах боьзна болу дела.

– Джунайде (Дала къинхетам бойла цунах) хьаьттинера: **«ХIара Iилма муха кхаьчна хьоьга?»** Цо жоп делира: **«Веза-Сийлахьчу АллахIна тIевирзина 30 шарахь дIо лами бухахь со Iар бахьанехь».** Цо ишар йира шен кертара ламийна тIе. Цуьнан карахь суьлхьанаш гича, цуьнга хьаьттира: «**Хьо сийдолуш волушшехь, хьайн карахь суьлхьанаш леладо ахь?»** Цо жоп делира: **«ХIара – со шеца АллахIна тIе кхаьчна болу некъ бу, со цунах къаьстар воцуш».**

– АллахIан эвлаяэх цхьана велига хьаьжна, иза къобал а вина, цуьнан сий динчун – АллахIа сийдийр ду, массарна гойтуш.

– Цхьана стага Джунайде (Дала къинхетам бойла цунах) хьаьттира: **«АллахI дукхавезаш волчунна дIаяханчу хенах дагахьбаллам буьсург хIун ду?»** Джунайда (Дала къинхетам бойла цунах) элира: **«КIезиг бен пайда ца оьцуш дуккха яьккхина хан я дикачу нахаца уьйр лацар доцуш цхьалха яьккхина хан»**, тIаккха цо байташ йийшира:

**Баккъалла а, молу хи дара сан, шу гарца цIанлуш,**
**Хан дIаяхаро даржийра иза, ша цIанделла даьлча.**

4. **Мухьаммад аль-ГIаза́ли́** (Дала къинхетам бойла цунах)

Иза Абу Хьамид Мухьаммад бин Мухьаммад аль-ГIазали ат-ТIу́сий ву, цунах иштта Абу Хьамид олу. ХIижрин 450-чу (1058-чу) шарахь ат-ТIус олучу меттехь дуьнен чу ваьлла иза. Баккъалла а, бераллехь цуьнан хиллачу гоно, иза кхетош-кхиоро а кхидIа иза кхиарна тIехь Iаткъам бира. Иза дин долчу къечу доьзалера вара. Цуьнан дас ша вала герга ву аьлла шена хетча,

суфех волчу шен доттагІчуьнга весет дира шен шина кІентан – Абу Хьамидан, цуьнан жимах волчу вешин Ахьмадан а доладе, аьлла.

И стаг хІара шиъ кхиорехь, цаьршинна Іилма Іаморехь а шена тІедиллинарг кхочушдан волавелира. Цул тІаьхьа цо цаьршинна хьехар дира, Найсабуре гІо, аьлла, – цигахь Іелин цІарах йолчу хьуьжарехь деша; хене вала, Іилма Іамо а цаьршиннан аьтто хилийтархьама. Цигахь шина хьараман имам волчу Абу аль-МаІáлий аль-Джувайний вевзира цунна. Жималлехь дуьйна ГІазали (Дала къинхетам бойла цунах) чІогІа хьекъал долуш хилар билгалдаьллера. ШафиІин мазхІабан фикъхІ чІогІа девзаш, АшІарийн хьуьжарехь болчу Іеламнехан декъашхо, цул совнаха – философи, логика, динан баххаш а бовзарехь кІорге кхаьчна воккха Іеламстаг а хилира цунах.

Ша Іамийначу Іилманах синан паргІато ца хилира цунна, – тасаввуфан охІланах волуш, дуьне дІатесна волчу Абу Іалий аль-Фадл бин Іалий аль-Фáрумдий ат-ТІусий бохучу имамаца ша цхьаьнакхетталц. Цо иза къобал вира, цуьнгара тасаввуфан Іилма а Іамийра. Суфийн жайнаш Іамо вуьйлира иза, церан коьрта Іалашонаш евзира цунна. ТІаккха царна юкъавахана, цаьргахь долчу хьоле а ваьлла, церан тІарикъатах хилира иза.

Баккъалла а, имам ГІазалис (Дала къинхетам бойла цунах) ша тасаввуфан новкъа ваьлчахьана бусалба динан ойлаярехь дуккха пайда бира, царах цхьаберш хьахор бу вай:

– Іибадат дарехь хила еза дагца йоьзна йолу агІо (АллахІна хьаставалар, Цунах кхерар) карлаяьккхира цо, цхьаболчу Іеламнаха и Іибадат деккъа дегІан меженаша лелош долчунна тІедоьгІна дитинчул тІаьхьа.

– Нахана тасаввуф дезадалийтира цо, цуьнца догІуш доцу юкъатийсина хІуманаш дІадохуш, АллахІа еллачу къайленца хьекъалца кхочур воцчу метте кхочург хилар чІагІдеш а.

– Тасаввуфан охІла АллахІ везаран марзонца паргІатбевлла Іаш бара, оцу балхо уьш Іибадат дарехь ледарло яре товжийра, ткъа имам ГІазалис (Дала къинхетам бойла цунах) тасаввуфан охІланна АллахІах кхерар духадерзийра, Хьасан аль-Басрийн (Дела реза хуьлда цунна) тІарикъатехь ма-хиллара.

– Іибадат тІедилларан пайданаш гучубехира цо, тІаккха фикъхІ дешарехь йолу марзо Іеламнаха иза дуьйцучул алсам хилира.

– Малхбузехьарчу философина тІетийжаш, шарІаца догІуш доцу, динехь тІехбуьйлучара юкъатийсинчу хІуманашна инкарло йира цо, цул совнаха – цунна юкъатийсина хьарам хІуманаш, пайдабоцу хІуманаш а дІадехира цо.

– Синош, дегнаш а цІандарна, гуччохь долчух Іеха ца валарна а тІе тидам бахийтира цо, хІунда аьлча оцу балхо моттаргІанаш лелорах вухатуху дела.

**ТӀаьххьарлера вайн кхайкхам – Ӏаламаш кхобуш, кхиош а волчу АллахӀна хастамбар ду!**

**Чулацам**

**Дешхьалхе**

**Тасаввуфан Ӏилма бохург хӀун ду?**

**Тасаввуфан маьӀна довзийтар**

**Тасаввуф боху дош схьадалар**

**Тасаввуфан Ӏилма кхолладалар**

**Тасаввуфан шариӀатца йолу зӀе**

**Асхьабийн, табиӀинийн а заманал тӀаьхьа бен тасаввуф гучуцадаларан бахьана хӀун ду?**

**Хьалхабаханчу дикачу нахана тасаввуфах лаьцна хеташ дерг**

**Хьалха дӀабаханчу Ӏеламнахана тасаввуфах лаьцна хеташ дерг**

**Тасаввуфна тӀекхоьллина харц цӀе**

**Тасаввуфан дозалла** (мехалла)

**Тасаввуфе вай хьашт хилар**

**Тасаввуфан некъ**

**Тасаввуфан баккхий Ӏеламнах**

**Хьасан аль-Басрий** (Дала къинхетам бойла цунах)

**АдхӀаман кӀант ИбрахӀим** (Дала къинхетам бойла цунах)

**Мухьаммадан кӀант Джунайд** (Дала къинхетам бойла цунах)

**Мухьаммад аль-ГӀазали** (Дала къинхетам бойла цунах)

**Орг. и метод. рук-во…**

**Составитель – доктор Мухьаммад Хойр ФатIимахI**
**Переводчик – Магамедов Сулиман Рахманович**
**Рецензенты – Р.А. Даев., М.Р. Эдихаджиев., А.Б. Алиев**
**Редактор – А.А. Гайтукаев**
**Техн. редактор – А.А. Гайтукаев**
**Дизайн – З.А. Байтуев**
**Верстка – С-М. Тасуев**